R. H. Mh. Nuh

LENYEPANEUN

Kumpulan piwejang-piwejang R.H. Mh. Nuh
nalika masih keneh jumeneng, dina pangaosan Madrasah Kaum Cianjur
Dikumpulkeun sareng disusun ku R. N. Abubakar
Sesepuh Yayasan Perguruan Islam Al-I'anah Cianjur

Disarengan pangjajap ;
R. H. I. Boeldan Djajawigoena

DIKALUARKEUN KU :

YAYASAN PERGURUAN ISLAM
"AL - I'ANAH" CIANJUR



R.H. Mh. Nuh



PIHATUR NU NYUSUN
SARENG NU NGALUARKEUN

Bismillahir- Rohmanir-Rohim

Sagala puji tetep kagungan Alloh nu kagungan sakabeh alam.

Rahmat sareng kasalametan mugi dipaparinkeun ka jungjunan urang, nabi sinelir, Muhammad s.a.w. sareng para sahabatna katut kulawargina.

Pihatur nu kasanggakeun tina perkawis "BUKU LENYEPANEUN", kumpulan piwejang-piwejang Mama R.H.Muhammad Nuh alm, nalika anjeunna masih keneh jumeneng, dina waktos lima puluh taun kapungkur.

Awitna numawi dicatet ku simkuring ngaraos penting, kango catetan sorangan. Nanging saparantos kauninga ku Ibu Chodidjah Makhtum, bujangga anu seueur karangannana (saderek Mama) katarik ku eta catetan: peryogi - saurna - lamun dicitak, aoseun sadayana.

Teras ku simkuring ieu alpukah disanggakeun ka Mama R.H.Abdullah bin Nuh (putrana). Anjeunana nyatujuan kana eta alpukah.

Citakan ka hiji anu seueurna 1000 jilid, enggal bae seep, bari teu acan tamat, ± sapertiluna deui. Citakan kadua, ayeuna nembe dikaluarkeun, tamat sadayana dicitak, kalayan diparios sareng dipasieup ku Bapa R.H.I.Boeldan Djajawiguna, ahli Basa Sunda di Cianjur. Mindo nyitak ieu buku nyumponan pamundutna para saderek.

(Nyambung ka kaca 13)

P A N G J A J A P

Alhamdulillah, simkuring manjatkeun puji syukur ka hadirat ALLAH SWT, Pangeran Nu Murbeng Alam - nu disebat dina pancasila "TUHAN YANG MAHA ESA" - rehna di Cianjur, simkuring dikersakeun ku Nu Maha Kawasa tiasa ngiring ngabantu medalna deui ieu "buku LENYEPANEUN" dina wanda anyar, sabada disarungsum basana sareng ejahanana.

Kalihna salawat sareng salam kahaturkeun ka jungjunan urang sadaya, Nabi sinelir MUHAMMAD SAW katut para sahabatna sareng sadaya kulawargina, kalayan pamugimugi urang tiasa kenging leleberan tina rahmat sareng berkah anu ditamplokkeun ku Nu Maha Suci ka Panutan Ummat Islam sadunya.

Alpukah YPI AL-I'ANAH medalkeun deui ieu Buku dina awal abad "KEBANGKITAN ISLAM", nya eta dina abad ka 15 Hijriyah kalintang keunana, margi kaèksakan ahlak atanapi moral sabagian rayat nagara urang parantos sanes antepeum. Kajahatan parantos marajalela, ti nu kasebat korupsi, pungli, komersialisasi jabatan dugi ka todong, garong, rampog sareng rajapati. Nu kawajiban ngalaksanakeun amar ma'rup nahyi munkar seuseueurna ngirung atanapi ngosom. Langkungna ti eta Ukhuwwah Islamiyah sapertos jaman MIAI (Majlis Islam'Ala Indonesia), MASYUMI(MajLIS Syuro Muslimin Indonesia) sareng BKMI (Badan Kongres Muslimin Indonesia) parantos sirna. Naon margina ? Saur KH.Noer Ali, Ketua BKSPP Jawa Barat : "Kaom Muslimin ayeuna, hususna nu jadi pamingpina dina carana berjoang teh teu dibarengan ku kaikhlasan, tapi leuwih loba kajurung ku napsu duniawi, nu sipatna ekonomis tibatan hayang meunang karidoan ALLAH, Padahal urang teh dina sagala rupa kagiatan hirup kuduna mah didadasaran ku niat neangan karidoan ALLAH samata-mata."(Tina majalah Kiblat" No.10/th.XXXI,5 - 20 Oktober 1983)

Ulama nu sapertos <u>R.H.Mh.Nuh bin R.H.Idris alm.</u>rupina jaman ayeuna rada sesah milarina.

Mugi-mugi bae ieu BUKU LENYEPANEUN, anu mangrupi

(Nyambung ka kaca 6)

Bismillahir-rahmanir-rahiem.

Riwayat jumenengna :

R.H.MUHAMMAD NUH bin R.H. IDRIS.-
Kaum, Cianjur

R.H.Muh.Nuh dilahirkeun di Kaum, Kota Cianjur, kalebet Ulama Jumhur sa-jawa barat; parantos mulih ka Rahmatulloh di Cianjur, dina wengi Senen jam 19.30 WIB 28 Hapit 1385/20 Maret 1966. Waktu aya lini gede di Cianjur, anjeunna murangkalih keneh, nembe nangkuban, yuswana 7 sasih. (titimangsa waktu pupus).

DIDIKAN SARENG PANGAJARAN ANJEUNNA.

Dina waktu jumenengna ngawitan nyandak pangajaran ti pasantren2 anu maraju di Cianjur, nyaeta pasantren2 Gayam jeung Bunikasih. Anjeunna ngaos Qur'an sareng fardu a'in di Baing Holil di Kp.Sayangheulang Kota Cianjur. Anjeunna saterasna masantren di Gudang, Tasikmalaya. Samemeh Ajengan Gudang, H.Suja'i pupus, anjeunna kungsi angkat ka Gudang (Tasik) nepangan guru anjeunna Waktos angkat ka Mekah, anjeunna neraskeun aosannan di Juragan Guru Muchtar, anu ramana ti Bogor, ari ibuna teureuh Cianjur, masih keneh wargi R.H.Muh.Nuh. Lamina mukim di Mekkah 5 taun. Saur Guru R.H.Muchtar: " Noh,- anjeun mah ngaji teh geus bae di Ama, lantaran bisi matak riweuh". Samulihna ti Mekkah anjeunna ngawuruk ngaos, bari nyeueurkeun mutola'ah kitab2; anu diaos teh laim kitab2 agama bae, tapi kitab2 sareng buku2 anu patali sareng elmu panemu umum deuih, saperti Elmu Bumi, Elmu Alam, Elmu Falaq, majalah basa Arab jste. Kantos- anjeunna ngaos di Syekh Ali Madani, babakuna tina bab Elmu Torekat Tijaniyah. Santri anjeunna anu kadeuheus- nyaeta Ajengan Haji Abdurrahman Al-Marhum, Purwakarta, kalebet sntri anu iasa nuturkeun lacak anjeunna.

CEPENGAN SARENG PAMADEGANANA.

Anjeunna hafal Qur'an, wiridan anu salamina di -

amalkeun ngaos Qur'an. Cepengan sareng pamadeganana tina perkara torekat, kalintang saena, ngan susah diamalkeunnana, malah sok aya nu nyeleweng, lantaran nampana (atawa ngalampahkeunnana) henteu tamat.
Kira2 sataun deui ka pupus, anjeunna maparin dua Kitab ka putrana (R.H.Abdullah); nu kahiji kitab tarekat, - asal-usulna aulia jeung nu hiji deui Al-Ibriz, alam pawalian, sarta naon anu matak hemeng tina eta kitab ku anjeunna diterangkeun . Dina urusan masalah furu', saperti talafuz-binniat, talqien jste, kapungkur anjeuna sok munadzarah, naha ku lisan atawa ku tulisan (karangan-karangan), tapi kadieuna keun rupina ngaraos kurang penting ngadegkeun munadzarah urusan furu'.
Kana urusan kanagaraan (politik) anjeunna ngabandungan sering anjeunna naroskeun ka nu ziarah ka anjeunna,oge tina urusan Gestapu PKI. sst.

N A S A B N A.

Ari nasabna (turunanana), R.H.Muh.Nuh putra R.H.-Idris, putra R.H.Munji, nu pupus katinggang tihang masjid, nuju orad ba'da Ashar. Masjid jami' kota Cianjur, runtuh ku lantaran lini gede tea. R.H. Husen, anu katelah Ajengan Ciajag oge kapieyang anjeunna.

PADAMELAH SARENG AMAL-AMALNA.

Sajaba tinu kasebut bieu, anjeunna sok ngawuruk - ngaos di Madrasah Kaum saban minggu, di Pabuaran, diMasjid R.H.Saleh saban Kemis. Anjeunna jadi anggahota Majlis Konstituante, samemeh anjeunna nampi kana kaanggaotaan, anjeunna kungsi angkat heula ka K.H.Abdulhalim Majalengka, seja musyawarah tina ieu perkara. Anjeunna nu ngadegkeun Jum'ah I'anah, kagungan cita-cita ngadamel - paguron jeung tempat pendidikan ka-islaman, kalayan dorongan kapieyangna,R.H.Tolhah Al-Holidi. Ngadegna I'anah dina taun 1912, nepi ka ayeuna leuwih ti satengah abad. Jaba ti eta anjeunna ngiring ngadegkeun madrasah Mu'awwanah sareng Syd Abdulkadir Al-Jufri.

Kitab2 anu diwurukkeun ka ahirnakeun,nyaeta : Tafsir Jalalain, Ihya Ulumuddin, Sabilal Muhtadien sareng Bughiyatul-Musytarsyidin, sareng sok ngadamel pamandangan2 kenging nukil tina rupa2 kitab, nyaeta anu dikumpulkeun ku anu nulis, anu mangrupa ieu buku ..... " LENYEPANEUN ". Ari ngaosna Tafsir-sakaemut nu nulis, saparantos puluhan taun, malah saur na teh : "Tafsir - Jalalain teh ringkes, sagala aya, aya Nahu-na, aya Balagah-na jste. Anjeunna kungsi jadi advisur (juru nasehat) Syarikat Islam (S.I.), anu disesepuhan ku Almarhum H.O.S.Cokroaminoto; malah dina nalika aya kajadian "S.I.Afdeling B" anjeunna kengin "tekanan berat" ti Pamarentah jajahan Hindia Walanda.

Muga-muga amal kasaean anjeunna ditampi ku NuMaha Suci, kalayan diwales ku ganjaran anu satimpal. Oge - keur urang sing jadi conto tirueun sadayana.-

("n.a")

-----ooOoo-----

(Sambungan tina kaca 3)

kempelan piwejang-piwejang salasawios Ulama jumhur ti Cianjur, sasieureun sabeunyeureun tiasa jadi bahan pangdeudeul kanggo ngawujudkeun cita-cita Umat Islam dina ieu abad " KEBANGKITAN ISLAM ". Amin.

Hususna ka para pamuda-pamudi ti rupi-rupi organisasi Islam " GEURA TANDANG MAKALANGAN, bilih tinggaleun jaman !"

Wass.

H.I.Boeldan Dwg.

20 - 10 - '83

بسم الله الرحمن الرحيم

الحمد لله رب العالمين. والصلاة والسلام على أشرف الأنبياء والمرسلين. وعلى آله وصحبه أجمعين.

PANGAOSAN MADRASAH KAUM CIANJUR.

Ajengan R.H.Muh.Nuh dina saban dinten Ahad sok - ngawuruk di Madrasah Kaum,Cianjur; saparantos salse - ngawuruk rupa2 kitab, anjeunna sok ngawejang. Eta piwe jang dicatet jeung dikumpulkeun. Mangga ieu ayeuna ka sanggakeun piwejang-piwejangna :

1. NI'MAT PAPARIN GUSTI ALLOH.

Dawuhan Gusti Alloh dina Al-Qur'an : "Lamun maraneh ngitung ni'mat Alloh, moal kaitung".(s.Ibrahim 34)

Lamun urang ngitung2 ni'mat ti Gusti Alloh anu di paparinkeun ka urang , moal kaitung. Tapi urang sok poho kana ni'mat ti AnjeunNa ka urang, perkara napas bae sabaraha kali urang ngambekkan dina sajam, sapoe, sa - minggu, sabulan, sataun ? Jst. Coba lamun napas ditahan dicekek sajam, meureun maot.

Ni'mat teh aya dua rupa :
1. Ni'mat Ijad (diayakeun),
2. Ni'mat Imdad (panggayuh).

Ni'mat Ijad, hartina diayakeun tina euweuh kana - aya; ku lantaran urang geus aya, diayakeun ku Pange - ran, urang ngarasa ni'matna, da lamun euweuh mah urang saha nu rek ngarasakeunnana ?. Urang didamel tina dua bahan (bagian), nyaeta: badan jeung roh (nyawa). Entong waka ngabahas roh, da barang nu teu katenjo. Ayeuna mah urang ngabahas badan bae.

Badan urang boga pancadria; bisa nenjo, nyabak, - ngarasa, ngarasa ngambeu jeung ngadenge. Coba leungit-

keun salah sahijina !. Komo lamun kabeh mah, kumaha ra sana ? teu acan kaitung ku akal, sabaraha pihargaeun - nana ?.
Panon sasiki kudu dicokel, lantaran aya nu rek meuli,- moal dijual sanajan leuwih ti sayuta.
Lamun harga panon sayuta, irung sayuta, ceuli sayuta - jste. meureun jalma teh beunghar, lantaran anggahota2 na jeung badanna hargana mang-yuta2 rupia, malah teu - kahargaan. Lamun jalma nyebutkeun kana dirina pakir, - nyebutkeun teu dipasihan naon2 ku Gusti Alloh, meureun nu kitu mah pingaraneunana................eusleum.

Naon sababna manusa sok poho kana ni'mat ti Pange ran, malah nepi ka Kufur ? Da eta dawuhan Gusti Alloh- oge: "Saestuna manusa teh dolim jeung kapir".

Ni'mat anu kadua. ni'mat panggayuh.
Sanggeus urang aya, aya panggayuh keur malihara- nu dipasihkeun ku Gusti Alloh tea.
Badan kudu dipalihara saban waktu. Parabna atawa kada- harannana kudu dipolah, upamana sangu; sangu tina beas, beas tina pare, pare dipelak, diboyor ku cai nepi ka - dibuat. Ti mana caina ? Naha jadi pare mun teu aya cai, Tina naon jadina cai ?. Pikeun sangu sahuap, lamun di tetek aya puluhna rebu nu digawe. Teu acan deungeunna, piringna, bobokona, jste.
Sangu sakeupeul dihuapkeun, asup ka jero beuteung, di jero beuteung dipasak, aya hawa panas, anu ngancurkeun misah2-keun zat2-na ngajadi aci anu asup kana urat2 ge de, urat2 leutik jste. anu mangrupa ledeng2 jalanna ge tih, nu diatur ku jajantung; tina kadaharan tea aya nu jadi getih, cikiih, hampas (kokotor) anu kaluar.

Coba inget2 !. Sabaraha ni'mat ti Gusti Alloh nu dipaparinkeun ka manusa ? Ieu kakara tina sangu sahuap. Naha kira2-na bisa kaitung ?.

Madrasah, 1 Desember 1956.

2. ISLAM BISA MERESAN SAALAM DUNYA.

Anu bisa meresan kayaan saalam dunya, henteu aya deui kajaba ti Agama Islam. Sabalikna kaayaan moal beres, lamun henteu nurut kana ajaran-ajaran Islam.

I'tikad jeung ibadah dina Agama Islam cukup keur ngadidik jeung ngatik lahir batin manusa.

Upamana: Tauhid, anu diucapkeun dina dua kalimah syahadat, ngaku kalawan yakin yen henteu aya deui Pangeran lian ti Alloh, sarta ngaku yen Muhammad bin Abdulloh teh utusanana.

Salat, anu dimimitian ku Takbir, metakeunana kudu nyanghareup ka qiblat, ka Ka'bah anu ngan sahiji sakabeh jalma nu salat di alam dunya nyanghareup ka dinya, ieu nuduhkeun kana kudu ngahiji.

Takbir, ucapan "Allohu Akbar", hartina "Alloh Maha Agung", sabaraha kali dibacana dina waktu salat, timimiti adzanna, qomatna, takbirotul-ihrom-na, dina babacaannana dina pundah-pindah rukunna.

Lamun takbir dibaca dina unggal salat aya puluhna kali dina sapoena aya ratusna, dina saminggu aya rebuna jst Lamun jalma dina keur hirupna maca puluhan rebu kali - takbir, piraku teu nyerep kana ati-sanubarina. Kukituna tangtu ngaku yen Alloh teh Nu Maha Agung. Rasa kitu teu rasa unggal muslim saalam dunya.

Dina Tasyahud, sakabeh ihwanul-muslimin ngucapkeun dua kalimah syahadat babarengan, sarta dicipta keun Kj.Nabi Muhammad hadir hareupeunana. Atuh munasabah salat teh nyegah kana ngalampahkeun pagawean goreng jeung pamunkaran.

Zakat teh keur mereskeun masyarakat, ngomean kahirupan pakir-miskin, nulung ka nu kaliput ku hutang, mere bekel keur nu nyaba.

Moal salah deui, bakal atoheunana nu butuh tadina rek nginjeum duit, atawa tadina bisa jadi dipo

tong leungeunna, lantaran rek maling.
Dina masarakat Islam moal aya bangsat nepi ka dipotong leungeun, lantaran maling kajurung ku butuh, aya soteh nu dipotong leungeunna lantaran tabe'atna bae goreng , sok puak-paok, jadi pantes lamun dipotong leungeunna - oge.

Saum (puasa), ngadidik kana murah tangan, matak nyaah ka pakir miskin. Jalma teh embung lapar, sedengari nu pakir sa-endeng2 lapar. Ari nu beunghar moal - ngarasa lapar. Ku sabab kitu diwajibkeun puasa sina - ngarasaeun lapar, sina karasaeun kumaha rasana ku pa - kir miskin anu salilana nandangan lapar; engke timbul rasa nyaah ka pakir miskin, sarta daek ngaluarkeun sa bagian harta bandana (zakat, zakat fitrah).

Munggah haji, ngandung harti bisa papanggih - jeung kaum Muslimin ti saalam dunya. Papanggih di tanah suci di hareupeun Ka'bah. Baitulloh adegan suci anu - pangheulana diadegkeun di dunya. Tuluy jarah ka makam- Kj.Nabi, panutan manusa saalam dunya. Ieu teh ngarupakeun silaturahmi jeung sakabeh muslimin saalam dunya.

Didinya bisa badami, silih tanya pikeun kasalametan - atawa kamajuan sarerea. Kukituna loba pisan paedahna. malah beunang oge disebutkeun Mu'tamar Kaum Muslimin - unggal taun, anu moal aya di tempat sejen mah.

Tina ieu katerangan anu lumayan, lamun dipikir pikeun ngaislahkeun nagara, moal aya deui kajaba ti pa - ngaturan Islam. Da moal aya nu bisa mereskeun alam dunya, kajaba ti anu ngadamel ieu alam dunya. Rosululloh- diutus pikeun ngatur sangkan manusa salamet dunya akherat. Rosululloh dipiwarang nepikeun aturan anu aya dina Islam ka sakabeh manusa, sakumaha dawuhaNana dina Qur - an surat Saba ayat 28, anu kieu pihartoseunana :

" Henteu ngutus kami ka maneh (Muhammad) kajaba ti pi - keun nyukupkeun ka jalma-jalma ".-

Islam nu dicandak ku Kj.Nabi s.a.w. teh cukup aturanana pikeun hirup manusa di alam dunya. Ari anu nepikeunana ka jalma2 nyaeta Kj.Nabi s.a.w. Anjeunna anu jadi rahmat pikeun sakabeh jalma di alam dunya, teu pilih bulu jeung bangsa. Kabeh supaya Tauhid ka Alloh; bangsa Cina, Afrika, Eropa jste, teu aya wates kabangsaan, aya oge keur adabiah bae nurutkeun iklim jeung kadaerahan, saperti kadaerahan, papakean jste; upamana saperti urang Arab daharna samin jeung korma, tah eta nasional.

Moal aya nu bisa ngayakeun hukum nu sarua jeung beungkeutan pikeun ngahiji salian ti Islam.

Sakur jalma nu hayang ngawujudkeun kasalametan pikeun ummat jeung nagara, moal nyokot jalan sejen saliar ti Islam. Lantaran hal eta geus puguh nyata jaman Rosul lulloh jeung para sahabatna.

Naon hartina lamun mikiran jalan sejen anu can puguh piberesennana.

Poko pikeun kasalametan dunya aherat, nyaeta kudu mahabbah (cinta jeung asih) ka Alloh jeung ka Rosululul loh jeung ka ulil amri minkum, anu neruskeun padamelan Rosul, ngajalankeun piwarangan anjeunna, kitu deui kudu nyaah ka sakabeh mahluk, sanajan kapir.
Anu diparentahkeun ku Alloh nyaeta amar ma'ruf jeung nahyi munkar.

Tah kitu ajaran-ajaran Islam.-

Madrasah, 15 Desember 1956,-

3. BASOR JEUNG BASIROH.

Di manusa teh aya parabot idrok, tegesna aya parabot pikeun nampa atawa ngudag (narima) sarta ngahasil - keun beubeunangan, nyaeta basor jeung basiroh.

Ari basor nyaeta anu ngahasilkeun sakur anu katenjo ku panon.

Ari basiroh nyaeta anu ngahasilkeun naon anu katenjo ku hate.

Aya nu bisa nenjo ku mata-dohir, tapi ari mata batina mah henteu nenjo, atawa ceuli dohir-na ngadenge, tapi ari ceuli batinna henteu ngadenge, jeung lisan dohir bisa nyarita, ari lisan batinna teu bisa nyarita - keun hak (bebeneran) anu kudu dicaritakeun.
Tah anu kieu teh nyaeta hate si kapir anu teu boga pa - nenjo basiroh tea. Anu kitu teh beunang disebut teu boga akal, lantaran anu boga akal mah sanggeus nenjo jeung ngadenge teh kudu tuluy jeung prakna digawe, omongan kudu anu matak mangpa'at, ulah cara anu gundam, bacaan kudu ditengetkeun; lantaran lamun teu kitu - teu guna.

Lamun diupamakeun mah hate jeung akal teh sapertiraja. Ari pancadria saperti mata, tukang neangan rupa2 urusan. Panon, ceuli jeung sajabana ti eta, arusaha neangan naon-naon anu bakal dikirimkeun ka raja.
Sanggeus katarima, di-timbang2; anu mangpa'atna dirawatan, jeung anu gorengna dipicuen, lamun teu kitu jalma - teh kurang akal.

Sanggeus meunang nimbang2 mana nu kudu dijalankeun tuluy ngagunakeun anggahota2, leungeun sina nyokot,suku sina leumpang jeung letah sina ngomong dina jalan anu - bener, nepi ka hasil anu mangpa'at. Tah ieu tingkah laku jalma anu boga akal. Jalma anu terus2 migawe kahadean - anu bisa istiqomah, akhirna sok dipaparin ku Nu Maha Suci "elmu torojogan", dipaparin elmu kana hatena, ieu -

teh nu disebut "elmu laduni" tea.

Lamun kitu terus2-an, tangtu engke aya waktuna naek ka nu leuwih luhur.

Dimana manusa geus aya dina martabat luhur, sok meunang elmu nu can kapanggih, lantaran dibantu ku Nur Muhammad moal ka udag ku nu ngan saukur elmuna tina pangajaran. Paningal jalma anu geus luhur mah, lega tur jauh, bedadeui jeung jalma biasa, cara panenjo jalma anu cicing di puncak gunung, beda deui jeung panenjo jalma anu cicing di suku gunung.

Ieu katerangan sakadarna tina perkara basor jeung basiroh.-

(Sambungan kaca 2)

Naon sababna pangna ieu Buku Lenyepaneun narik manah nu ngaos ?

Ku emutan eusi ieu buku teh henteu bari (basi) sanajan parantos ± lima puluh taun diucapkeunana, masih keneh resep diaosna. Margi dasarna Qur'an sareng Hadits.

Saur salasawios Ulama :

كَلَامٌ قَدِيمٌ لَا يُمَلُّ سَمَاعُهُ

(Qur'an teh cariosan qodim (tegesna teu aya mimitin) teu bosen ngdanguna)

Dupi Hadits, anu seueurna ribuan, nya eta nu nerang - keun harti Qur'an. Diterangkeun ku Ulama :

جَوَامِعُ الْكَلِمِ

Hartosna:"Diucapkeunnana pondok, tapi ngandung harti panjang.

Direumbeuy ku cariosan sareng katerangan para Aulia, Siddiqin sareng Solihin

(Nyambung ka kaca 17)

Madrasah, 3 Januari 1957,-

4. KUDU TOBAT JEUNG ISTIQOMAH.

Jalma teh lamun ditenjo lahirna mah sarua, tapi lamun ditenjo batinna teu sarua, beda kacida, lir upama langit jeung bumi, cara antara iman jeung kupur atawa antara mu'min jeung kapir.

Ari kapir tea sapangkat, jeung teu aya kapir enteng da kabeh oge kapir mah jadi ahli naraka salawasna.

Ari mu'min mah rupa2, tapi kabeh oge bakal asup ka surga. Ngan aya nu dibeuleum heula, dibersihkeun tina kokotor, lantaran surga teh suci.

Keur waktu hirup urang kudu ihtiar, ulah nepi ka engke dibeuleum heula di akherat, tapi ambeh tuluy bae asup ka surga. Ihtiar urang teh nyaeta nu mangrupa tobat dibarengan ku istiqomah. Lamun teu kitu urang teh samar nu nyepeng jeng nangtukeun ngan Alloh nyalira. Urang teh gumantung kana ridlo jeung murka Anjeunna.

Uji diri urang ku sorangan. Urang bisa ngabandungan kamana leokna kalakuan. Tapi anu hese dibandunganana mah ma'siat batin.

Jalma teh keur dina hirupna mah samar, sanajan keur dina hirupna pinuh ku ibadah, anu ngabuah mah engke dimana roh geus kaluar tina jasad.

Baheula, jaman Rosululloh nalika perang sabil aya jalma anu toh-tohan berjuang sataker tanaga. Saur Rosullulloh ka Sahabat: "Eta jalma teh ahli naraka". Sahabat pada kaget, sarta eta jalma teh terus dibandungan kalakuanana. Tidinya eta jalma teh kapanah dadana ku musuh, tuluy ngarasa aral, sarta tungtungna maehan maneh.

Eukeur mah jalma teh loba kasalempang, turug2 bodo katotoloyo. Bodo sabab teu diajar.
Anu digembor-gemborkeun teh karapihan antara raja-raja-

atawa pamingpin2 nagara, ari karapihan jeung Pangeran - mah teu dibaca-baca. Kumaha tingkah laku manusa nyangha reupan Pangeran anu ngadamelna. Padahal rapihna mahluk- jeung nu ngadamelna eta poko. Lamun teu rapih mahluk - jeung Alloh moal aya kaamanan jeung kasalametan. Sagala rupa aya di manten-Na. Naha atuh lain sing cucud kumawu la ka Anjeuna ?.

Piwarangan Anjeuna teu diparigawe, diarantep,malah nyieun aturan nu sulaya jeung aturan Anjeuna. Komo ma- ke dibarengan ku hawa napsu jeung teu ikhlas.

Cara hadam atawa bujang teu nurut ka dunungananana, sali- lana nyulayaan kana parentah atawa aturan anu geus di - tangtukeun, meureun lamun henteu nurut bae mah aya hu- kumanana. Urang oge hya saperti kitu.

Kitu kuduna urang nyaluyukeun diri, lamun urang ha yang aman, hayang beres alam dunya. Tapi naha bet tong- goy bae teu aya euih-euihna !?.

Sabab dawuhan Alloh Ta'ala :

صُمٌّ بُكْمٌ عُمْيٌ فَهُمْ لَا يَعْقِلُونَ

Hartina: "Maranehna teh torek, pireu, lolong sarta teu baroga akal".-

Ari manusa teh lemah. Sabaraha kakuatan lamad di- jero ceuli, parabot pangdengena ? Sabara kakuatanana la mad anu aya sabudeureun matana, parabot nenjona ?.

Beuki lila beuki kolot, kakuatan pangdenge jeung penen- jona tangtu ngurangan.

Sabaraha kakuatan urat2 dina letah ? Sok aya kajadian - amis karasa pait, ieu teh lantaran teu cageur. Butuh ku doktor nu ngubaran. Lamun kabeneran ngubaranana cageur. Ti mana ubarna ?.

Sabaraha kakuatanana urat2 panyambung sendi2 ?.

Ieu kabeh butuh ku parab, sangu, aci, getih; sangu nu jadi parab;hampasna, tuluy di piceun.

Ku saha diaturna ? Piraku jalma teu ngarasa lemah ?.

Ceuli ngadenge kudu ku geteran hawa, mata nenjo ku sabab aya cahaya.

Saha anu ngadamel hawa jeung cahaya ?.

Letah cageur kudu saimbang (angger) timbangan mi - zajna, urat jeung jalan getih kudu normal.

Ieu kabeh hasil ku kersana Nu Maha Suci.

Ku sabab kitu naha jalma teh henteu daek bae migawe piwaranganana.

Urang teh kudu ngageuing batur, kudu karunya ka batur nu rek cilaka. Wajib nulungan ahli, ulah daek babarengan ngalampahkeun ma'siat, sing karunya ka anak urang kekelebekan di Naraka.

Geuning aya riwayat: Aya urang Yahudi asup Islam - ari anakna masih keneh dina agama Yahudi; ngumaha ka - Rosululloh sangkan anakna asup Islam, carita-na: " Ya - Rosululloh, abdi henteu kiat engke ningal anak abdi kekelebekan di naraka". Saur Rosululloh: "Puguh bae kitu, tapi ieu mah urusan taufiq, geuning dawuhan Gusti Alloh

لَا إِكْرَاهَ فِي الدِّينِ قَدْ تَبَيَّنَ الرُّشْدُ مِنَ الْغَيِّ"

Hartina: "Henteu aya paksaan dina agama (henteu aya paksaan pikeun nganut agama Islam), - geus tembong antara pituduh jeung kasasaran".-

Lamun urang antepan ka budak, diantep sina udar - ider lila teu datang ka imah, sihoreng teh palid di walungan, nepi ka maot, urang nyeri jeung sedih ditinggalkeun ku budak. Melang urang ka anak urusan agamana teh kudu cara kitu, komo engke kekelebokan di naraka.

Ayeuna mah malah, loba nu lain ngentep budak, tapi ngantep diri sorangan. Watek na teh sok noyod, teu daek tobat. Naha teu percaya kana siksaan diri anu cilaka ?

Naha henteu nalangsa ngadenge sora himar, anu ditungtungan ku sada ceurik anu nyeri. Tah kitu sorana ahli naraka anu disiksa teh !.

Piraku teu hayang ngomean diri;"Tobat" sarta dibarengan ku "istiqomah" ulah di-engke2.

(Sambungan kaca 13)

Kaayaan waktu (situasi) nu ngajurung laku, mangsa nu ngahudang rasa, mangsana kudu hudang. Manusa teh kudu balik deui ka Nu Maha Kawasa.

Ti kapungkur mula oge Rosululloh parantos maparin tangara: Engke di akhir bakal aya jaman huru-hara, marajalela kadoliman, bejad akhlak, kajahatan, rampog, rajapati. Ieu teh dimana-mana, rata disajagat buana, kajaba tempat nu dikersakeun ku Anjeuna: tanah haram sareng tanah suci.

Dawuhan Gusti Nu Maha Suci :

ظَهَرَ الْفَسَادُ فِي الْبَرِّ وَالْبَحْرِ بِمَا كَسَبَتْ أَيْدِي النَّاسِ
لِيُذِيقَهُمْ بَعْضَ الَّذِي عَمِلُوا لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ

Pihartoseunnana:

"Geus tembong karuksakan di darat jeung di laut ku - lantaran panggawena leungeul-leungeun jalma-jalama Gusti bakal ngawarah maranehannana, sina ngarasa, engke pasti baralik deui".

Dina kitab tafsir diterangkeun:"Maranehanana anu baroga akal bakal baraluk deui inget ka nu nadamelna"

Ieu manawi pangna ieu buku dipikabutuh ku bala rea diaraos bari dilenyepan.

Sakitu anu kapihatur.

Cianjur, 17- 10- 1983.

N.Abubakar.

Madrasah, 18 Pebruari 1957.-

5. P E P E L I N G.-

1. Jaman baheula, waktu jumeneng para Khulafaur - Rasyidin, jalan kana kahadean molongpong, ari jaman kabeh-dieunakeun mah sabalikna.
Baheula jalma2 atawa ummat pinuh ku iman; ayeuna mah - kurang, lamun henteu disebut kosong oge. Ari pamingpin ayeuna sipatna hubbuddunya, kasengsrem ku dunya. Iman-teh sabalikna kufur. Kufur teh sumberna ma'siat, ari - ma'siat ayeuna moal kaitung, ku sabab loba ma'siat, loba barang haram kadahar, badan digayuh ku barang haram, narikna teh kana paharaman bae, malah jeung ngagugulukeunana.

Sarat du'a teh anu ngadu'a.na kudu suci. Suci teh kudu suci sa-gala2-na, suci dahar-leueutna jste.

2. Ngomean masarakat, ngusahakeun islah, eta pamadegan Rosul. Jadi urang teh kudu nyonto ka Rosul. Kitu teh jaman ayeuna mah hese, teu bisa, lantaran loba gogoda. Ku sabab kitu, merenah lamun jaman ayeuna, Aya anu nyebut jaman awut-awutan. Lamun urang hayang-eucreug, kudu mutala'ah kitab-kitab baheula atawa tarjamahna nu bener, nyonto ka Ulama, ka para Sahabat.

3. Dawuhan Gusti Alloh :

وَمَا أُبَرِّئُ نَفْسِي إِنَّ النَّفْسَ لَأَمَّارَةٌ بِالسُّوءِ

Nurutkeun ieu ayat, napsu teh ngajakna ngan kanakagorengan bae. Ruksak jeung karuksakan di alam dunya-dilantarankeun ku napsu (hawa napsu).

Pikeun ngadalian jeung nahan napsu, nyaeta akal. Ari jaman ayeuna ti balik, nyaeta akal nurutkeun napsu, puguh bae salah mah, aya kuda nungtun jalma.

4. Cutatan tina kitab Minhajjul'Abidin :
"Aya hiji jaman, anu ku urang dipikarisi nyaeta

lamun urang nyarita hak (bener) ditolak, tapi ari batil (salah) digugulukeun. Lamun enger kitu entong nyeungceurikan nu maot jeung entong atoh ku dijurukeunana budak-(orok)".-

5. Tukilan tina Minhajjul'abidin keneh :
"He jalma mulya ! Papacuan anjeun rek datang ka sultan atawa raja anu dolim. Ngadeukeutan jalma dolim teh haram".-
Dawuhan Rosululloh s.a.w.:

مَنْ تَوَاضَعَ لِغَنِيٍّ لِغِنَاهُ ذَهَبَ ثُلُثَا دِيْنِهِ

Hartina: "Sing saha jalma handap asor ka jalma beunghar karana harta-banda-na, èta leungit - dua pertilu agamana".-

Lamun handap asor ku lisan jeung hate mah leungit dua pertilu-agamana, tapi lamun ku tekad mah leungit agama-na kabeh, lantaran sarua jeung mangeran ka makhluq, wal'iadzu billah.

6. Kade ulah mokahaan, ulah ngarasa enteng ku dosa da boga rasa Alloh lautan hampura.
Dawuhan Rosululloh :

اَلْكَيِّسُ مَنْ دَانَ نَفْسَهُ وَعَمِلَ لِمَا بَعْدَ الْمَوْتِ

Hartina: "Anu pinter bijaksana teh nyaeta jalma anu bisa nuduhkeun hawa napsu jeung migawe amal pikeun sasadiaan sanggeus maot".-

7. Sing inget kana tipu muslihat setan anu sakitu-lemesna jeung pinterna.
Aya carita kieu :
Jaman baheula aya hiji alim jenenganana Abu Zakariya Zahid, geus deukeut kana ajalna, tuluy ditalkinan di papatahan ngaos syahadat, tapi ngabetem bae, malah ba -

rang dipindo deui, kalah ka ngajawab: "Laa", hartina - "henteu", nepi ka tilu kali, tapi tetep kitu bae. Ti di nya anjeunna eling, malah narós kanu araya didinya, saurna: "Keur naraon aranjeun teh ?" Ceuk anu araya didinya, "Tadi waktu anjeun teu emut ku abdi di talkinan, - tapi ngabetem bae, malah dina mindo mah saur anjeun teh "Laa" (henteu)",saurna "kuring teh kadatangan iblis mawa cai dina lumur, tuluy cicing kencaeun kuring bari - ngeneng2 eta lumur, bari pok nyarita kieu: "Naha anjeun teu hayang nginum ?", jawab kuring: "Laa" (henteu).
Ceuk iblis: "Caritakeun teu aya Pangeran !" ceuk kuring "Laa" (henteu), ceuk iblis: "Caritakeun Isa putra Alloh" ceuk kuring: "Laa" (henteu).
Tidinya si iblis ngalungkeun lumurna kana taneuh sarta- tuluy lumpat.
Tidinya eta alim ngucapkeun:

أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلٰهَ إِلَّا اللّٰهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا رَسُوْلُ اللّٰهِ

Sarta tuluy ngaleupaskeun nyawana".-

Madrasah, 25 Pebruari 1975.-

6. JALMA NU ISTIQOMAH BAGJA DUNYA-AKERAT.

Maot teh panto antara alam dunya jeung - alam akherat.-

1. Urang teh kudu istiqomah, sing lempeng entong- sieun ku mahluk. Lamun jalma geus istiqomah, senang pikirannana.

"Teu aya daya jeung kakuatan lian ti ku Alloh anu luhur tur agung".

Sok aya nu sieun ku coet (pikiran takhayul) jste. Pamus tungannana teh meureun sieun ku maot.

Entong sieun ku maot, lantaran maot teh hartina di gancangkeun, dipernahkeun sina merenah dina suasana ka senangan.

Sing mindeng tobat !. Tobat anu hese teh lamun u - rang boga dosa ka sasama mahluk (ka bani adam).

Jalma nu kumawula ka Gusti Alloh, nu istiqomah eta nu untung. Lamun panjang umur tangtu loba tobatna-loba ganjaranana; atuh lamun pondok umur, tangtu mawa ma' - siat.

Pondokna iman urang kudu kuat, ulah lalawora ngantep - iman sina lemah.

Iman ka Alloh, iman ka Rosul-Na, sagala piwarangan nana kudu dijalankeun; iman ka Kitab2 Alloh, sing kahar ti, sagala kajadian geus aya dina kitab2-Na.

2. Kudu banget sukur kana ni'mat ti Alloh. Manusa- teh diprukprukan ku sagala ni'mat ti Mantena. Dawuhana- Na dina Al-Qur'an:

وَإِنْ تَعُدُّوا نِعْمَةَ اللّٰهِ لَا تُحْصُوهَا

Anu pihartieunnana: "Lamun maraneh milang ni'mat - ti Kami, moal kabilang".-

Ni'mat anu pohara gedena nyaeta didamel ummat Mu -

hammad SAW., Panghulu sakabeh Rosul.

Ari jalma anu geus wawuh ka Anjeunna mah, sok jarah ka anjeunna, teu sirikna unggal jam. Geuning aya riwayat Wali nu sok jarah ka Makam Rosululloh saw. bari tuluy unjukan, hayang ditepangkeun jeung anjeunna; tidinya aya panangan kaluar ti eta makam, teras di candak ku eta Wali, bari di ambung, jalma anu araya didinya pa-boro2 hayang nurutan, tapi lantaran teu idin - eta panangan teh leungit deui.

Eta pepeling ka sakabeh jalma, yen nu dijero kubur teh hirup, ngan alamna geus ganti, nu disebut alam barzah. Bedana maot, ari roh mah tetep hirup, nu salamet-mah bisa udar-ider, tapi ari nu cilaka mah, nu loba dosa teu eureun2 nandangan siksaan.

Nu Salamet di alam Barzakh, lamun nenjo ahlina di dunya nyolowedor, teu panuju; tapi lamun nenjo ahli-na bageur, kacida panuju jeung atoh.

Amal2 nu harirup di alam dunya, dipintonkeun ku Gusti Alloh ka ahli-ahlina nu maraot, lamun hade, muji syukur nganuhunkeun ka Mantena, sarta ngadu'a muga2 tambah kabageuranana; tapi sabalikna lamun nenjo aya amal2-an anu goreng, kacida ngarasa hanjakalna, sarta-ngadu'a ka Pangeran supaya ahlina dipaparin hidayat - jeung taufiq ku Gusti Alloh. Maot teh sakadar pindah - ti alam dunya ka alam akherat.

3. Sanggeus 7 poe ti kajadian perang Badar, Rosululloh saw. angkat ka Badar, diiring ku para sahabat tuluy tidinya anjeunna sasauran ka kapir2 anu maraot - dina eta perang, anu harita geus dikubur, kira2 kieu - pisaurna: "Maraneh teh ayeuna geus araya di alam sejen (alam barzakh), meureun ayeuna mah geus karasa ku maraneh siksa kubur anu ku maraneh waktu keur hirup dibohongkeun".

Ti antara para Sahabat aya nu naros: "Naha maraneh na teh ngadarenge ?".-

Walonna: "Demi nu ngutus kaula kalawan hak, maraneh teu leuwih ngadenge manan maranehannana".

Lamun aya nu ngaliwat ka kuburan, tuluy uluk salam anu maot teh sok ngajawab kana salamna.
Nu maot teh sok sili anjangan sakumaha di alam dunya - bae.
Jarah ka kuburan dina waktu awal Islam dilarang, - tapi ari geus kuat iman mah dipiwarang ku Kj.Nabi saw. Sumawona jarah ka kuburan Wali.

Nu matak wanita dilarang nganteurkeun mayit ka kuburan, istri teh sok teu tiasa nahan kasabaran.

Tapi wanita oge disunatkeun jarah ka makam Kj.Nabi Muhammad saw., ka makam para Nabi sareng makam para Wali.-

7. UCAP-UCAPAN HIKMAT.

Kaasup saban kalakuan hade, saban lamun nenjo pa - saran (janazah) ngagebeg tuluy tobat.

Abu Huraeroh nyarios kieu: "Anjeun indit ti heula, kuring nuturkeun paneuri".

Saur Malik bin Dinar, waktu saderekna pupus: "Ku - ring tacan senang satungtung tacan nyaho nasib kuring - sanggeus kuring maot".

Saur 'Amasy: "Waktu harita kuring hadir, sarta teu bisa ngabedakeun mana nu kamaotan jeung mana nu ngalayad, ku lantaran kabeh pada ngangluh".

Sedeng dina jaman ayeuna mah, dimana lar aya pasar an liwat, bet sarenang-senang bae, pada saruka bungah , paroho kana maot, lain amal nu diingetkeun tapi kalah - ka ribut ngabadamikeun warisan, henteu tapakur kana ku- maha kersa Alloh. Naon lantaranana hate tareuas kitu ?. Nyaeta kulantaran loba ma'siat, loba poho kana huru-ha- ra Kiamat. Panghadena kudu nyeungceurikan diri sorangan kumaha lamun maot. Mayit mah tong di ceungceurikan, da- geus puguh mangsana, kari mulasarana sing samistina.

Kumaha ari urang ?! Nasib urang tacan puguh, kuma- ha boa ?

Urang kudu alus sangka ka nu maot.

Kacarioskeun Umar bin Abi Dzar manggihan hiji ja - nazah, teu aya nu daekeun nyalatkeun, lantaran jalma - eta keur hirupna kawentar pasek. Anjeunna mah kersa bae nyalatkeun eta mayit. Saterasna anjeunna ngado'a, kieu saurna: "Kalawan Rahmat Gusti, he Abu Fulan, sugan bae- anjeun teh ahli Tauhid jeung sujud ka Pangeran, sanajan anjeun dicela batur, sok ngalampahkeun dosa, naha saha- atuh anu teu boga dosa ?".

Kitu hal ihwal urang nyanghareupan anu maot, kudu- alus sangka.-

8. NU NGAHAREPKEUN JALAN KA AKHERAT.

Nu ngaharepkeun jalan ka akherat (ibadah) aya 6 rupa, nyaeta : 1.jalma biasa, 2.alim, 3.nu diajar, 4.pagawe nagara, 5.patukangan jeung 6.anu ngajalankeun tauhid.

1. Jalma anu boga duit,nu boga bekel, waktu cukup, kudu ibadah, rugi lamun teu kitu, hirupna mubadir.

2. Jalma Alim, diarah patwana, dipikabutuh karangannana, beak waktu ku kitu, ngajalankeun elmuna. Elmu - leuwih utama manan ibadah, lantaran elmu bisa narik ka batur kaba ibadah, jalan ka akherat.

3. Jalma nu diajar karana Alloh. Dina kitab Akhbar aya caritaan anu kieu unggelna: "Lamun ganjaran diajarelmu ditempokeun, matak parebut". Mere pangarti ka budak, kajurung ku sieun balukarna, bangkar budak mun teu diajar, kudu cara urang sieun lamun budak eta titeuleum kekelebekan.

4. Pagawe Nagara, raja, kodi (panghulu) jste. ngatur sakumaha ceuk syara', digawe sing ikhlas, leuwih alus manan wiridan, ibadahna cukup ngalakonan pardu wajib. Ari Sayidina Umar mah unggal peuting langka kulem, lantaran dianggo ibadah. Raja adil sapoe moal ka udag - ku ganjaran ibadah 50 rewu taun, ibadah sorangan keur - sorangan. Sabalikna lamun raja dolim, dosana tumpuk2, - lantaran nyilakakeun rebuan jalma.

5. Patukangan atawa padagang, digawena ibadah, lamun diniatan rek ngajalankeun kawajiban, wiridanana aya dina gawe, bari indit ka pasar ulah poho dikir.

6. Nu ngajalankeun tauhid ka Alloh, isuk sore, beurang peuting, taya nu kagambarkeun ku hatena lian ti NU SAHIJI, resep sieun ku Anjeunna, rijki anu bakal datang tawakkal ka anjeunna, teu kudu wiridan sanggeus salat - pardu, lantaran salilana hatena <u>hadir ka Alloh</u>. Tara aya nu di-cita2 salian inget ka Alloh, sumawona mun ma'siat Tara kageteun, tara susah da sagala rupa oge ti Alloh.

Madrasah, 7 Maret 1957.-

9. P E P E L I N G.-

1. Ulah sok aku-akuan, ieu sawah urang, atawa ke - bon urang, naha beunang saha taneuhna ?.
Eta cenah migawena beunang sorangan, naha ari nyawa jeung tanaga ti saha ?.

2. Ulah sok takabur ! kapan badan maneh teh pinuhku najis, pinuh ku getih, da lamun teu pinuh ku getih - mah meureun maot. Oge kadut pinuh ku kokotor.

Nu matak nu kudu dipapaesan teh lain lahir, tapi - batin. Komo lamun lahir wungkul mah moal eucreug.
Kaunculan jalma mah ku rohna, lamun ngan ukur ja - sadna mah teu aya bedana jeung sato hewan.

3. Ari campur atawa reureujeungan eta sok ngarubah adat; campur jeung jelema hade sok kabawa hade, campur- jalma jahat, sok kabawa jahat, cara beusi ditendeun di- na taneuh sok tai hiangan.
Aya putra Sayid (urang Arab) diteundeun ti leuleutik di negri Cina, bet jadi Cina.

Aya dongeng anu kieu unggelna: Jaman baheula aya - hiji raja, teu percaya kana pisaur hiji alim, yen cacampuran teh sok ngarubah tabe'at. Tidinya tuluy anjeunna- calik di kandang sapi, sasarengan jeung sapi, kitu na - teh nepi ka 40 poe. Ti dinya tuluy nyaur alim tea, sarta lahiranana: "Geuning kaula ieu geus 40 poe teu kabawa - keun ku tabe'at sapi !" dumadakan aya laleur ngarong - rong pameunteu raja; naha atuh eta laleur teh bet digadil ku raja. Saur 'alim: "Geuning eta Kangjeng Raja ngagadil cara sapi, da biasana mah laleur teh ditepak ku - panangan".-

4. Guru teh kudu "husnul huluk", alus ahlakna, lan-

taran salilana reureujeungan jeung barudak (murid). Laku lampah guru diturutan ku murid, aya paribasa a - rab anu pihartieunana kiru: "laku lampah teh leuwih - loba mere pangaruh manan caritaan". Guru teh kudu nyon to ka Rosululloh, kudu niron ahlak anjeunna.

5. Baheula Ama Cirata kasenengna sok angkat2-an- Dina hiji waktu angkat ka Karawang, anu dituju Wadana Karawang. Sawewengi di bumina eta Wadana damelna ngan netepan. Ti harita eta Wadana Karawang sok netepan, - anu tadina tara netepan.

6. Kalakuan hade (husmul huluk) kudu didadasaran ku iman, sabalikna kalakuan teu hade dadasarna dunya, (karana dunya). Ari karana dunya, komo teuing kapir , sanajan mubtadiin oge (ahli bid'ah) matak teu beres , Ari karana dunya salilana sok ngarasa teu cukup, kuki tuna kapaksa kudu ngarebut hak batur jste. Ari mubtadi 'in teh anu teu percaya kana kaluhungan Imam Gozali - jeung Syeh Ibnu Hajar.

7. Alloh geus ngadamel hak sareng batil, sareng- ngadamel ahlina. Oge ngadamel caang sareng poek sarta ngadamel ahlina. Jalma cacad atawa jalma batil, saga- la ngarasa poek. Ari jalma hak, anu bisa ngarawatan - hak, nyaeta anu iman ka Alloh, ngaku yen kabeh oge da damelan Alloh, percaya ka para Rosul, percaya ka para Malaikat, tegesna kudu percaya kana rukun Iman, saga- la rupa matak caang. Ari kupur mah matak poek, poho - ka Alloh, ti antarana pagawean dunya jeung perkara2 - anu ruksak, jeung kajadian2 anu teu aya paedahna. Dawuhan Rosululloh saw. anu pihartieunana kieu : "Du- nya teh dila'nat jeung di la'nat sakur nu aya dunya, kajaba anu karana Alloh jeung Rosul-Na".-

Ari hak eta cahaya, nyaangan ka ahlina anu ma'- ripat ka Alloh. Ari batil eta poek, moekan ka ahlina-

(tukang batil); panenjona, pangdengena, kabeh poek, oge caritaannana. Dawuhan Gusti Alloh dina surah Al-Baqoroh anu ngpihartieunana kieu: "Maranehanana torek, pireu, lolong, maranehanana teu baralik deui".-

Para wali anu parantos kenging cahaya ti Pangeran, ningali ka arwah Mu'minin, ka para Malaikat. Ari faelasuf henteu dipaparinan kitu, aya oge istijrad. Ka para-Wali sok wawuh caang narawangan, sok tepang sareng roh Nabi, malah sok naroskeun patarosan2; ka aranjeunna mah setan teu bisa ngagoda.

8. Conto2 para Solihin :

a. Ti antara para Solihin aya nu nyaios kieu: "Keur waktu kuring dahar roti, tina roti aya nu nganteng cahaya ka luhur, tuluy ku kuring dipapay, sihoreng eta-cahaya teh salah sahiji pancaran tina cahaya Rosululloh Ti dinya cahaya teh ranteng mang-pirang2 anu tepung ka-na rijki anu katampa ku mahluk.
Hakekatna mah cahaya Muhammad teh ngambah ka sakabeh - mahluk.

b. Ka Ibnu Bagdadi, seueur anu naros tina perkara Hadis, anjeunna unggal ngawalon, mana Hadis sohih, jeung mana Hadis anu teu sohih, aya nu naros naon margi na: "Kapan eta ciri, lamun Hadis anu Sohih cahayaan dina lisan nu nanya, lamun hadis teu Sohih mah henteu".

c. Dina majlis riuangan elmu Imam Hanafi dialungan buah apel ku hiji awewe. Warna buah apel teh sabeulah beureum jeung sabeulah deui koneng (maro). Tidinya-anjeunna nyandak peso, sarta eta apel dibeulah, terus - dialungkeun deui ka eta awewe. Ti antara nu aya didinya aya nu naros kieu: "Naon maksadna eta awewe teh ?". Lahiranana: "Eta awewe teh keur udur sasih, sarta nanyakeun naha geus waktuna mandi beberesih, lamun getihna - geus koneng cara konengna buah apel. Ku kuring di jawab

yen kakara meunang mandi, lamun geus beresih cara bersihna eusi eta buah apel (bodas)".-

9. Syekh Juned Bagdadi nyarios kieu: "Ciri jalma geus nepi kana martabat luhur, nyaeta lamun geus boga 4 sipat: (1) tara gancang ambek, (2) handap asor, (3) rehan, jeung (4) alus budi parangina.-

Sakitu pepeling R.H. Muh.NUH, dina pangaosan tgl 7 Maret 1957.-

---

10. CING, PEK PIKIRAN.

Gustu Nu Maha Suci kawasa jeung sampurna sipat - sipat-Na. Jalma nu teu percaya ayana Pangeran eta rompang akalna. Dawuhan Gusti Alooh :

إِنَّ فِي خَلْقِ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ وَاخْتِلَافِ اللَّيْلِ وَالنَّهَارِ وَالْفُلْكِ
الَّتِي تَجْرِي فِي الْبَحْرِ بِمَا يَنْفَعُ النَّاسَ لَآيَاتٍ لِقَوْمٍ يَعْقِلُونَ

"Naha teu dipalikiran dadamelana-Na ? Di luhur aya langit, di handap aya bumi, peuting diganti ku - beurang, aya kapal-kapal di laut mawa kaperluan - jalma2. Ieu kabeh jadi tanda nuduhkeun ayana Pa - ngeran, pikeun jalma2 anu baroga akal".

Coba pikir ayana panon poe ! Kumaha hubunganana - jeung kaperluan manusa ? Lamun teu aya panon poe moal - aya seuneu keur olah jste. Pagesrekna awi dina miruha , bahan fosfor dina kayu api jsb. ngajadi tina pancaran - panasna panon poe. Ari cai, tina turunna hujan, asalna- tina saabna cai laut, tah anu kapanasan ku panon poe, - terus saab kaluhur; sanggeus kumpul di awang2, ngagara- yot terus katiisan, robah deui jadi cai, nya turun ka - bumi, anu mangrupa hujan tea. Cai anu ngajimleng, cicing teu aya kokocoranana, sok bau; sedeng laut teu aya koko coranana; supaya ulah bau eta cai laut teh diuyahan. Uyah ngajadikeun cai henteu bau. Cai hujan teh lamun - henteu aya tempat keur nandeanana, dina sajongjongan - oge beak, palid ka walungan. Ku sabab kitu diayakeun - tempat pikeun neuneunna, nyaeta gunung anu pinuh ku ka kayon, tangkal2 kai anu gede-leutik.

Ieu kakayon anu mangrupa leuweung gunana pikeun nahan - cai hujan, ulah nepi ka ngocor (ngagolontor) ka lebak - bari mawa leutak, sarta bisa nimbulkeun taneuh urug - (longsor). Ku sabab taneuh leuweung teh kacida riduhna- cai hujan teh gancang nyerep deuih; sabagian diseuseup-

ku akar kakayon katut tutuwuhan sejena, sabagian deui - di jero taneuh teh ngaley ka lebak, sarta ahirna bari - jil di sumber2 cinyusu anu herang ngagenyas (ngagenclang) Cinyusu limpas jadi susukan leutik, tuluy ngahiji jeung mang-pirang2 susukan deui, akhirna jadi walungan.
Lalakon tina mimiti cihujan nyerep kana jero taneuh leu weung di gunung nepi ka bijilna deui jadi cinyusu teh- mang-bulan2. Usum ngijih geus eureun, cinyusu bijil.
Nu matak didaerah pagunungan nu leuweungna weuteuh teu- diraruksak, usum halodo oge moal kakurangan cai, malah- bisa nyumponan pangabutuh cai di padataran nu jarauh.

Bumi muter dina falaqna, nyakitu deui bulan, dina- Al-Qur'an surat Yasin:

وَكُلٌّ فِي فَلَكٍ يَسْبَحُونَ

Lian ti kajadian gunta-gantina beurang jeung peu - ting, panon poe teh majuna ngeser2, tepung gelang dina- sataun; kukituna panasna teh walatra, ka unggal tempat di bumi, sarta ahirna ngajadi rupa2 musim.

Kapal2 di laut balayar kaditu kadieu, balayar na - teh make layar, majuna ku angin. Aya angin ti kulon,bet maju kakulon, ku pinterna tukang kapal dina ngagunakeun layar. Kapal2 balayarna dilaut mawa kaperluan jalma2. Eta kaperluan manusa di alam dunya dimuat dina kapal2 - anu balayar di lautan samudra, ditukeurkeun ka nagara2- sejen.

Ieu kabeh anu patali jeung alam Musyahadah, teu a- can anu patali jeung alam Malakut.

Ku kituna, mahluk kabeh ngarasa senang, meunang ni' mat tanpa wilangan. Naha make rek teu inget ? Naha make rek teu syukur ?. Malah sok loba pepentaan. Aya mendi- ngan sato, cukup ku nu aya bae.
Dawuhan Gusti Nu Maha Suci :

"Lamun maraneh ngitung ni'mat Alloh, moal kaitung, Sa-enya2-na Alloh banget hampurana tur banget asihna".

(S.Annahl : 18)

Cing pek pikiran !.-

11. P E P E L I N G.-

1. T a u h i d, mangeran ka Alloh nyalira, lalawananana s y i r i k, hartina mangeran ka salian ti Alooh

Syirik ulah diantep. Para Rosul sadayana utusan Alloh, diutusna ka alam dunya, daya upaya ngaleungitkeunsyirik. Ku sabab kitu urang kudu itba' ka Anjeunna ngaleungitkeun syirik. Anu mere kalonggaran kana hirup suburna syirik, hartina nangtang, ngalawan ka Alloh.

2. Dawuhan Gusti Alloh dina Al-Qur'an :

وَقُلْ جَاءَ الْحَقُّ وَزَهَقَ الْبَاطِلُ إِنَّ الْبَاطِلَ كَانَ زَهُوقًا

"Ucapkeun ku maneh(Muhammad), geus datang hak- jeung geus ancur bathil, saestuna bathil teh - ancur".-

Hak teh Islam, batil teh kupur. Ieu ayat ditu - runkeunana waktu fatah-Mekah, waktu Kj.Nabi Muhammad - saw. nalukkeun Mekah, bari notogan berhala2 disakurilingeun Ka'bah anjeunna misaur kitu.

3. Dina urusan masarakat, urang wenang campur jeung saha bae, tapi Gusti Alloh teu ngawidian kupurna masarakat, Nagara demokrasi cenah, didinya aya ka adilan, kumaha ceuk ra'yat. Tapi demokrasi teh kudu mukoyyad. Hartina mukoyyad teh kudu ngesto ka Alloh.

4. Pamarentah Islam ngajamin kana patekadan sejen, kajaba kapir harbi (kapir musuh). Tanpa Tauhid (iman ka Alloh) moal aya kaadilan. Adil, kawasa, bijaksana, ulah hianat jste. Moal aya nu kasipatan ku ieu sipat2 anu sarae, lian ti Gusti Alloh. Manusa bisa adil, lamun nga - jalankeun parentah2 (hukum2) Alloh.

5. Lamun Ummat Islam ridlo ka anu nyulayaan kana - hukum Alloh sarua jeung ngahukuman yen Gusti Alloh teh-

teu adil, eta hukumna murtad. Wal iadzu billah.

6. Amar ma'rup jeung nahyi munkar diparentah ku agama. Moal aya nu leuwih munkar manan ngupurkeun ka jalma2. Ku sabab kitu wajib mere katerangan tina hal ieu.

7. Ari napsu eta bodo, noyod sanajan teu nyaho, tonggoy bae, padahal nyaho aya siksa diakherat. Percaya kana ayana akherat teh asup kana rukun Iman. Lamun aya jalma mu'min pangakuanana, kapir kalakuanana, kusabab hubuddunya (kasengsrem ku dunya), kurang percaya ka aherat. Kade kapalingan Iman.-
Loba tipu, sina teu percaya jalma ka akherat. Ari jalma mu'min sajati meakkeun waktuna keur akherat. Papada kitu syara' henteu nyegah beunghar, anu beunghar kudu bisa nga-bagi2 harta bandana, sawareh keur kaperluan hirup, sawareh deui dipasrahkeun ka Gusti Alloh, lantaran nu aya di Gusti Alloh mah bakal langgeng. Loba anu kurang kapercayaanana ka aherat, muru dunya wungkul, loba anu kaboyong ku musuh, loba anu embung supaya nagara di atur ku pangaturan Alloh.

8. Ku sabab kitu urang ulah cileureun, kudu ngaharep salilana aya dina ridlo Alloh jeung rahmat-Na. Conto ti Ulama cukup, nu aya dina kitab2 tea, geus dijalankeun ku ratusan malah rebuan para Wali Alloh jeung para Solihin, disaksian ku mukasyafah; sanajan urang lain ahli, cukup ku nuturkeun para mujtahidin.-

9. Agama Islam teh cara budak yatim, hese neangannu ngarti kana tujuan Islam, aya oge nu ngarti bet ngaliankeun. Lamun diibaratkeun mah cara raja anu seueur putrana, ari Islam putra kawalon, teu dipikaresep ku rama kawalon, kurang dahar, kurang pake, da dianggap putra kawalon tea.

———

Madrasah, April 1957.-

12. PERKARA TAUHID.-

Urang sarerea kudu ngahiji. Pada nyekel kana tali agama Alloh, sabalikna ulah pabarencay jeung pasalia. Pangpangna dina tauhid, percaya ka Pangeran nu ngan sahiji.

Tauhid ka Pangeran nu Sahiji (Yang Maha Esa) mah mutlak, sarta sakabeh jalma kudu ngahiji dina ieu i'tikad, malah lain bae keur sabangsa, tapi keur sadunya.

Tauhid dina kabangsaan oge diperedih ku Gusti Alloh anu disebut "hubbul wathan" tea atawa "Syu'uban waqabaila" tapi ieu mah mukoyyad, tegesna kudu didadasaran ku iman ka Nu Sahiji. Ari tauhid kabangsaan mah teu naon2 masing2 oge, tegesna nurutkeun daerahna jeung iklimna masing2, urang Indonesia nurutkeun urang Indonesia, urang Pakistan nurutkeun iklim Pakistan.

Papada kitu ari Tauhid ka Nu Sahiji mah kudu sarua. Tauhid atawa ngahiji dina ngahartikeun jeung ngulik kana kakuatan badan, ngahartikeun jeung ngulik kana hasil tanah, anu utama di urang mah pare.
Ngahiji atawa babrengan dina kaperluan sapopoe, upamana dina jual beuli, atawa silih injeum jeung nu teu saagama, teu nanaon.
Kj.Nabi oge nyontoan dina ieu perkara, saratna ulah ngudar kana Tauhid anu sahiji.
Tauhid atawa ngahiji dina patukangan, atawa dina kabutuhan umum, oge kaasup dina ibadah pardu kipayah, lamun ditinggalkeun ku sarerea, matak walurat sarerea.
Tauhid atawa ngahiji dina kasehatan badan, ragem ngusahakeun supaya sarehat badan, eta diperedih ku agama, kapan ibadah, tulung tinulungan jeung usaha, moal jongjon lamun teu sehat.
Diajar ilmu kadoktoran teh pardu kipayah. Malah aya -

kitab anu ngarana Atibun-Nabawi, hartina "Kadoktoran - nurutkeun paham kanabian".
Jalma anu sama sakali teu iman ka Pangeran atawa iman-sa-potong2 eta moal eucreug. Iman teh kudu gembleng - jeung rempeg, lamun salah sahiji teu aya, moal eucreug Upamana bae teu iman kana Qur'an. Ieu teh hartina teu-percaya ka Kj.Nabi Muhammad saw., oge hartina teu per-caya ka Alloh SWT.

Gusti Alloh kasipatan ku sagala sipat kasampurna-an, Anjeunna sampurna elmu-Na pikeun ngatur nagara. Ieu alam dunya kagungan Gusti Alloh, sarta dadamelanna-Na. Biraku make rek kakurangan aturan pikeun ngatur kabere-sanana. Lamun urang teu percaya kana aturan2 ti Gusti - Alloh, sarua jeung teu percaya yen Gusti Alloh sampur-na, sarta teu percaya piberesennana.

Perkara tafarruq (beda atawa teu sarua):
a. Tafarruq dina urusan tauhid ka Alloh, teu meunang - mutlak.
b. Tafarruq dina urusan usul teu meunang, tapi dina u-rusan furu (cabang) mah meunang.
c. Tafarruq dina urusan nagara, urusan kadoktoran jste. teu nanaon.

Sakitu bae heulaanan.-

Madrasah, Mei 1975.-

13. LENYEPANEUN - PICONTOEUN.

Jalma kudu buru2 tobat, meungpeung aya keneh waktu, samemeh ajal datang, sarta teu nyaho iraha mangsana ajal datang.

Sepuh nu geus nilar dunya tiheula ngarasa teu - ngeunah lamun ningali ahlina di dunya teu eucreug, sabalikna lamun ninggali nu bageur, ngadu'akeun nyakitu - deui para Malaikat.

Tabe'at manusa adigung, malah make hayang ngalawan ka dunungan. Tabe'at manusa teu inget kana ni'mat nu aya, sok hayang terus nambahan, memang kitu pangaruh hawa napsu.

Ulah sok aku-akuan !, lantaran sawah, kebon kalapa jste. teh lain nu manehanana, naha tanah teh tanah saha ?. Tanah eta da nu kuting jeung beunang ngagarap kuring. Naha ari tanaga meunang ti mana, jeung lamun - geus dicabut nyawa, naha bisa eta kaboga maneh teh di bawa ka kubur ?.

Yakin sagala barang nu diaku ku urang beunang - nginjeum, geuning lamun urang hayang balik deui ka baheula, teu bisa. Hayang ngora deui teu bisa.

Manusa teh ulah sok kibir-takabur, adigung gede - hulu ! Sing inget manehanana teh pinuh ku najis, kapan getih teh najis nu aya dina sakuliah badan, ana kitu - manehannana teh dibalur ku najis. Komo dina jero kadut na kokotor wungkul, naha ari geus di bungkus ku awon-alus mah sok nulak cangkeng !? Coba lamun maot dina - keur kitu, mereun meunang cilaka.

Sagala rupa kudu dicampur ku paningali batin !. Mulya manusa teh sabenerna mah mulya rohna, lain jasadna. Ari jasadna mah lamun dicokot garis badagna sarua.

Campur gaul teh sok ngarubah tabi'at, cara beusi-

lamun dikubur, geuning sok pinuh ku tihiang. Malah la
mun teru2-an, beusi teh nepi ka jadi taneuh.

Lamun jalma campur jeung rampog, sok jadi rampog
oge campur jeung santri, sok jadi santri.
Guru ka muridna jeung Pamarentah ka rakyatna kacida -
gede pangaruhna. Ku sabab kitu, guru jeung jalma2 nu
nyekel pamarentahan kudu boga sipat husnul huluk (alus
budi). Keur conto cukup Rosulúlloh dijadikeun eunteung.

"Al-Insanu 'ala diini mulkihi" اَلْاِنْسَانُ عَلَى دِيْنِ مُلْكِهِ

Hartina: "Jalma teh nurutkeun agama karajaanana".-

Lamun raja dolim hese pikeun bawahanana hayang -
ngajalankeun kaadilan, lantaran kapangaruhan ku raja.
Guru boga ahlak anu alus, engke murid2-na nurutan. Pi
keun conto anu alus, leuwih mere pangaruh pagawean anu
nyata, manan cari-taanana.

Kumaha tapakna nitah salat kabudak, bari nu nitah
na tara salat !.
Ari mu'min mah lain kitu, keur baerugi di dunya, asal
engke untung di akherat. Lamun lain mu'min sagala ka-
lakuan karana olih. Entong kapir, ahli bid'ah oge ki-
tu. Ahli bid'ah teh anu teu percaya ka ulama, padahal
dawuhan Rosul: "Ulama teh ahli waris para Nabi".
Engke setan bisa narik kasimpulan kieu: "Palangsiang-
sahabat oge salah, palangsiang Rosul oge aya salahna,
ari akhirna mah teu percaya ka Alloh. Naudzubillahi -
min dzalik".-

Anggapan sawatara jalma: Hukum Islam teu sae, men
ding nurutkeun pikeun sorangan, nyonto ka karajaan nu
galede.
Conto karajaan Islam nu baheula, jaman Dulah Islamiyah
Khalifah Abdul Malik, adil dina ngajalankeun paparenta
han, yuswana 40 tahun. Basa resmi nagara ku anjeunna -
dimistikeun basa Arab.

Tiap kantoran kudu make basa Arab,nyakitu deui naga ra bawahan, saperti Surya, Mesir, Persi jste.

Emutanana, ari Kitab Alloh Qur'an eta ku Basa Arab moal bisa disalin, sanajan nepi ka qiamat. Lamun jalma - mentingkeun basa Arab, mudah2-an lila2 ngarti kana Qur'an

Anjeunna (Khalifah Abdul Malik) ngadamel rupa2 amal saleh, diantarana :

a. Basa Arab dijadikeun basa resmi nagara;
b. Miwarang supaya sakabeh elmu, tina basa naon bae di - tarjamahkeun kana basa arab;
c. Ngadamel Rumah Sakit Umum keur nu gering ingetan(owah)
d. Ngadamel anggaran balanja, ngabasmi kasakit judzam - (kasakit sok tepa), jalma2 nu boga eta kasakit dikum- pulkeun, dicukupkeunkaperluanana.
e. Ngadamel anggaran balanja keur jalma2 lolong, disadia keur kaperluanana, nepika nyadiakeun nu purah nungtun na.
f. Miwarang (nganjurkeun) nalar Qur'an;
g. Nyayagikeun tempat keur tamu;
h. Jalma nu teu boga pausahaan dibere modal, tina bagian jakat, ti Baitul Maal (Kas Nagara);
i. Tukang dagang, patani jeung patukangan, lamun rugi,di tanggung ku nagara, tina jakat bagian gorim. Cindekna naon kaperluan rahayat jeung pangabutuhna ditalinga - keun ku nagara;
j. Tulisan2 dikantoran (di lawang2), itung2-an jste. di tarjamahkeun kana basa Arab;
k. Mulasara tempat2 ibadah, masjid2, oge masjid Rosululloh di Madinah, ku anjeunna diomean. Ka'bah di Masjidil Harom di Mekah, Baitul Maqdis jeung Jami' Awami - di Syam;
l. Ngadamel sumur bor Siti Zubaedah di Mekah, anu caina ti Jabal Khara, jauhna puluhan kilo meter, ongkosna- 400 peti uang emas, dipigawe ku 12 rebu jalma.-

Dina waktu Islam jaya, kacida lega bawahanana, mak-

sudna: Mereskeun nagara batur anu hayang dibereskeun. Anu jadi puseur disebut Khilafah. Legana nagara Islam di-na jaman kaemasan Islam :

ti wetan : wates nagara Cina,
kaler : tepung wates jeung nagara Rusia,
kidul : Afrika Utara, jeung
kulon : Spanyol jeung saparapat nagara Perancis.

Nu nalukeun nagara Spanyol nyaeta Panglima Tariq - bin Ziad. Waktu datang ka sisi basisir nagara Spanyol ma-wa 40 rebu tentara, tuluy kapal2-na diduruk, kabeh ancur Tidinya Tariq pidato: Ayeuna urang teu boga bekel, urang bakal maot kalaparan, lamun teu bisa ngarebut kadaharan-nu aya dina leungeun musuh. Dina prungna perang, Tariq - jeung balatentarana unggul jurit.

Moal sampurna perjuangan, lamun teu kumpul ieu sya-rat anu tilu :

1.Cukup ngarti kana eusi Qur'an jeung Hadits,
2.Cukup ngarti kana elmu Jugrofia,
3.Cukup ngarti kana tujuan karajaan2 (nagara2).

Lamun teu ngarti kana eusi Qur'an bakal poekeun ja-lan. Eusi Qur'an jadi padoman, jadi tuduh jalan pikeun - perjoangan. Nyakitu deui Hadis, katerangan nur illahy; - moal kahornatal maksud Qur'an, lamun teu dibarengan ku - Hadits. Sakitu bae lenyepaneun.-

---

14. UCAP-UCAPAN HIKMAT.

1. Mending teu ngeunah mimiti, ngeunah diakhir; ma-nan ngeunah mimiti, teu ngeunah diakhir. Ari anu dipika-hayang ku sarerea mah nyaeta ayeuna di dunya senang, ang ke diakherat senang. Eta teh moal bisa, kajaba jalma anu bisa narima kana kadar anu ditiungan rahmat Alloh.

2. Dina ngalampahkeun sagala rupa teh kudu tuman, - kakara betah, cara ngalampahkeun salat, lamun geus tuma-ninah mah tangtu betah; geuning anu ngamadat, ngeunahna-teh lamun geus tuman. Urang kudu tuman dina ngajalankeun ibadah jeung amal kahadean, cara ahlina (para Wali). Jalma pasek sok sagala rupek.

3. Ari waktu keur ihtiar nenangan kahadean ngan sa-eutik. Paling panjang umur urang ngan 100 taun. Kusabab-kitu ulah ngamubadirkeun waktu, kapan ku samenit oge ma-tak asup ka Surga. Aya hadis nu hartina kieu: Hiji jalma lantaran ngucapkeun : لَا إِلٰهَ إِلَّا اللّٰهُ

asup ka Surga; jalma anu diselir ku Alloh.

4. Ari reureujeungan teh sok nepakeun tabe'at, komo anu gede pangaruhna ka sahandapeun, saperti Guru ka Mu - rid, atawa pamarentah ka rahayatna, atawa nu ngajajah ka jajahanana.

5. Ayeuna anu gede pangaruhna di dunya nyaeta Nasro ni, contona palang merah (Salib), pere poe Ahad, ieu di - laksanakeun di dunya Internasional. (Hari besar Islam Ju-ma'ah, ari Yahudi Saptu).-

6. Timur kapangaruhan ku barat, lantaran di dunya - puseurna pangaruh kamajuan jeung kakawasaan. Sagala con-to kamoderenan atawa kamajuan datangna ti Barat, oge pe-ta-peta cara barat. Padahal kitu teh matak rumeuk, matak teu aya kaamanan.

7. Lamun manusa cageur, tangtu alam dunya oge ca - geur, da anu ngahuru-biru teh manusa, lain bangsa jin. Jin reuay di Indonesia teu matak naon2. Coba manusa mah-ku ujubna boga kakawasaan hayang jadi raja sadunya.

8. Manusa tabe'atna hawek, sagala hayang ngan keur-sorangan, da nurutkeun hawa napsu, teu-eureun2, teu aya tungtungna, jempeling-na teh lamun sungutna jeung beu - teungna pinuh ku taneuh. Cara Raja Pir'aon jeung Karun,

9. Tapi lamun manusa hade tabe'atna, matak ngungku-lan martabat Malaikat; cara para Rosul jeung Khalifah2na

10. Ayeuna manusa keur rongkah, nurutkeun pangajakna setan , ari awam mah kabawakeun. Anu mufakat kabawa su - gih, anu teu mupakat mah walurat. Tapi muga2 bae urang - aya dina rahmat Gusti.

11. Akal nu weuteuh tur bersih, piraku teu percaya - kana aturan Pangeran. Lamun urang malengos, tanwande ba-kal tumiba adzab (siksa) ti Manten-Na, Eta adzab teh a - yeuna geus datang, nyaeta urang teu daek rapih, teu nga-hiji. Teu rapih teh siksaan, sabab akibatna kaayaan kusu teu aya kaamanan. Atuh tong hayang leuwih ti kitu siksa-teh, buru2 balik kana patokan, nyaeta pangajaran ti Allc anu mangrupa Qur'an jeung Hadis, sarta paham para Ulama.

12. Di urang nuju karanjingan nu ngajajah, jaman mur cak pasad, amar ma'rup nahi munkar ditutup.

13. Dina sagala rupa aturan hirup jeung kahirupan, - kudu nurutkeun ajaran wahyu anu dicandak ku Rosululloh. lamun henteu ngajalankeun buah pikiran jalma; alusna teh ngan ceuk sorangan.-

15. SIPAT MANUSA.-

Elmu teh saperti hujan turun ti langit, nyerep kana taneuh, tuluy kana akar2 tangkal kai, lamun akar2 jeung tangkal kai tea pait, cai nu nyerep teh beuki nambahan paitna eta akar jeung tangkal kai; tapi lamun akar2 jeung tangkal kai tea amis, matak nambahan amisna akar2 jeung tangkal.
Nya kitu deui elmu matak nambahan kabirna (gumedena) nu gede hulu, oge sabalikna ka nu handap asor mah, matak nambahan alus budina.

Setan teh dila'nat ku Pangeran lantaran gumedena - (kibirna), embung sujud ka Kj.Nabi Adam as. cenah manehnamah didamel na tina seuneu, sedeng Nabi Adam mah tina taneuh.

Setan teh alim, pinter, buktina loba ulama nu katipu ku setan. Elmu pikeun jalma anu isin ajrih ku Alloh - matak nambahan alus budina eta jalma.
Teu matak heran ku jalma anu loba elmuna tapi dolim, lantaran beuki tambah elmuna oge beuki tambah napsuna, angkara murkana, sarta beuki tambah dolimna.-

Manusa diunggulkeun ku Gusti Alloh. Pangunggulna - mahluk nyaeta Kj. Nabi Muhammad saw.

Di manusa aya sipat robbaniyah atawa ka-Pangeranan, boga himmah atawa cita2 anu luhur.
Manusa teh lamun bageur, terus jadi leuwih bageur, tapilamun jahat, sok nyucud jahatna. Lamun boga sipat taka - bur, terus diabur, nepi ka akhirna mah boga rasa aing - pang kawasana, boga rasa jadi Pangeran, cara Firaon.
Lamun boga sipat bageur, sarta terus dimumule, nepi ka - ahirna jadi Khalifatulloh, wawakil Gusti Alloh nu ngajalankeun piwaranganNa jeung nyegah laranganaNa, saperti - para Nabi as. Jadi manusa sok bahula. Jin jeung Malaikat mah teu kitu.

Ari setan gawena mere was-was dina hate manusa, jeung ngahirupkeun rasa takabur tea deuih.

Aya hadis nu diriwayatkeun ku Jabir, anu kieu maksudna: "Lamun hiji jalma tiap,asup ka imahna maca Bismillah, setan teh sok nyarita kieu ka baturna: "Di imah ieu jalma urang teh moal boga pangheesan jeung moal boga dahareun".

Hadis anu diriwayatkeun ku Hudzaefah, anu kieu ungnelna: "Kuring sadaya lamun ngariung hidangan sareng Rosululloh saw. tara prak dahar, lamun tacan ngaraos "Bismillahirrahmanirrahim". Dina hiji mangsa kuring jeung para Sahabat ngariung rek dalahar, hol datang budak awewerek nyokot kadaharan tina katuangan anu diriung tea; eta leungeun budak teh dicepeng ku Rosululloh saw.; ti dinya datang Bedewi rek nyokot kadaharan tuluy dicepeng leungeunna ku Rosululloh, saur Rosululloh saw. eta teh utusan setan, supaya maneharana milu dahar, bareng jeung leungeun budak awewe katut Bedewi. Nu matak ku kaula eta leungeun setan teh dicekel.

Urang cekapkeun sakieu bae.-

---

16. LENYEPANEUN.-

1. Jalma teh wajib nyiar elmu, sarta sanggeus meunang elmu kudu jeung ngamalkeunana. Nu boga elmu tapi teu diamalkeun, cara ubar nu teu diubarkeun, tangtu moal aya mangpa'atna.
2. Manusa moal panggih jeung kasalametan, lamun can bisa misahkeun antara hak jeung batil, sarta lamun geus bisa kudu nyokot hak.
3. Sanggeus kitu wajib beberes, sangkan salamet, beresan lahir batin. Moal salamet lamun can kumpul kaberesan lahir jeung batin.
4. Dina alam arwah kabeh manusa ma'rifat ka Alloh, ayana kufur sanggeus arwah manjing kana badan. Lamun hayang balik deui kana kaberesihanana nu tiheula kudu dituturkeun parentah Syara'.-

5. Galibna nu loba mere pangaruh kana jiwa nyaeta didikan. Jalma teh dilahirkeun dina pitnahna (watek bawa nga jadi), naha rek di-Yahudikeun atawa di-Nasranikeun atawa rek di-Majusikeun eta nurutkeun didikan indung bapana. kitu nurutkeun hadis Nabi.
6. Didikan naon anu kudu dibikeun ka barudak ?.
Teu aya deui kajaba ti didikan Rosululloh saw. anu kaung gel din Qur'an jeung hadis, nyaeta Tauhid.
7. Masarakat moal beres, lamun tacan ragab loba barudak, anu boga didikan Rosul, lamun tacan boga kakawasaan.
8.Pamingpin anu boga kakawasaan kudu kasipatan ku 4 sipat: 1.SIDIQ = bener (jujur). 2.AMANAT = dipercaya. 3.TABLIGH = nepikeun. 4. FATONAH = pinter.-

SIDIQ, bener, jujur; moal reugeujeug pamarentah lamun nu nyekel pamarentahanana teu bener, teu jujur jste.

AMANAT, dipercaya, moal eucreug pamarantahan, lamun anu jadi alat nagara teu beunang dipercaya, korupsi jste

TABLIGH, nepikeun naon piwarangan Alloh sareng RosulNa, nuduhkeun kana jalan nu bener, mere pangarti jste

FATONAH, moal bisa hurip Pamarentah, lamun pamingpinna teu pinter jeung teu boga kawijaksanaan.-

17 , DUNYA TEH TEMPAT UJIAN

I

1. Manusa didamel ku Gusti Alloh tina 2 (dua) rupa unsur :

1. Tina bibit nur cahaya (roh);
2. Tina taneuh (jasadna).

Ieu 2 (dua) unsur dicampurkeun di manusa; dina waktuna maot geus datang, eta dua unsur dibalikeun deui ka asalna, roh dibalikeun deui kana asalna, nyaeta Alam Barzah, nyakitu deui jasad dibalikeun kana taneuh.

Lamun jalma keur hirupna sukur kana eta dua ni'mat, roh dibarengan ku iman, ibadah bathin; ngalakonan salat jeung ngalakonan ibadah jasadiah, ngalakonan salat jeung sajabana, eta roh bakal ditempatkeun di sorga Na'im. Sabalikna lamun teu sukur kana ni'mat Alloh bakal ditempatkeun di naraka jahim.

Manusa dina hirupna diuluran rizki tina taneuh,diselir, dipunjulkeun diiwalkeun ti nu lian, rohna diuluran nur cahaya Ilahy, dipaparin taufiq, roh diangkat darajatna sina cageur; pendekna iman ka Pangeran teh bibit na kasalametan Dunya - Akherat. Mun hirup di dunya teu jeung iman, hirup teh teu senang, da dunya lain tempat kasenangan, dunya mah tempat Ujian.

II. Kacarioskeun di antara umat Bani Isroil aya hiji jalma pasek, ku kajahatanana umumna jalma ngarasa hariwang, nepi ka ngadeuheus ka Kangjeng Nabi Musa A.S. supaya eta jalma dikaluarkeun ti eta nagara, sarta terus sina cicing di hiji kampung. Tapi pangeusi eta kampung oge ngarasa hariwang ku kajahatanana. Ti dinya Kangjeng Nabi Musa A.S. ngadu'a ka Gusti Alloh sarta sanggeus kitu Gusti Alloh maparin idzin ka Kangjeng Nabi Musa A.S. supaya eta jalma pasek dikaluarkeun ti eta kampung.

Terus eta jalma kaluar, sarta cicing di hiji kampung sorangan. Dina hiji waktu manehana gering ngagoler sorangan di tegalan.

Manehna ceurik ngarasa ngangresjauh ti indung-bapa, ti -

pamajikan jeung ti barudak. Ti dinya eta jalma ngadu'a jeung munajat ka Gusti Alloh, diantarana: "Gusti abdi tobat tina sagala dosa abdi, tapi abdi panuhun ulah diputuskeun tina rahmat Gusti".

Gusti Alloh Nu Maha Welas Asih ngaijabah kana du'ana eta jalma, sarta harita keneh diturunkeun widadari anu disarupakeun jeung pamajikanana, jeung malaikat anu sarupa jeung indung-bapana jeung anak-anakna, sangkan dina ngaleupaskeun nyawana ngarasa tengtrem, suci dihampura sakabeh dosana.

Sanggeus kitu Gusti Alloh miwarang Kangjeng Nabi Musa A.S. supaya mulasara wali anu geus tilar dunya di hiji leuweung. Nabi Musa enggal angkat ka eta leuweung, sihoreng wali teh jalma pasek anu tadi dikaluarkeun ti nagara tea.

Terus Kanjeng Nabi Musa munajat ka Pangeran; anjeunna nampi wahyu, yen eta jalma teh geus tobat, sarta dihampura dosana, henteu dipecat tina rahmat Alloh.

---

18. DUNYA TEH TEMPAT UJIAN

II

1. Urang teh manusa di dunya, aya di alam ujian, rek balik ka alam Malakut, alam arwah, Baheula oge urang teh aya di alam Malakut, di alam arwah, tuluy kaluar ka alam dunya, engke rek balik deui ka alam arwah.

Dina mangsa ajal datang, badan teh pisah jeung nyawa. Ku sabab kitu urang teh kudu sadia bekel.
Dawuhan Gusti Alloh anu pihartieunana kieu :

" Sakabeh jalma kudu maot. Maranehna kabeh bakal nampa ganjaran dina poe kiamat. Sing saha anu dijauhkeun ti naraka jeung asup ka surga eta jalma untung "

Dawuhanana deui :
" Hirup di dunya teh estu panipuan "

2. Ngeunah di dunya mah lain ngeunah enyaan, nyakitu deui kasenanganana Hirup di dunya mah direwong ku rupa-rupa kateungeunah. Cageur aya geringna, bungah aya susahna, ngora aya kolotna, hirup katungkul ku pati jstb.

3. Anu geus maot teh idrokna (ingetanana) teu leungit, ngan teu bisa marentah ka anggahotana, teu cara nu hirup. Nu maot ngarasa sedih jeung bungah, duka jeung suka, awas kana tingkah laku ahlina nu masih keneh hirup di alam dunya. Lamun nenjo kalakuan ahlina hade, bungah; lamun nenjo anu goreng sabalikna, ngarasa sedih.

Numatak urang kudu balageur, sangkan ahli - ahli urang teh nu geus maraot barungaheun. Kalakuan urang teh sampeureun di akherat, sabisa-bisa kudu balageur, sing rajin migawe ibadah. Ari kalakuan hade kudu nyonto ka Rosululloh S.A.W. Eta kalakuan hade teh ngumpul dina Al-Quran sareng hadits atawa dina kitab-kitab karangan ulama Salaf anu geus dipercaya jeung dibenerkeun ku mang juta-juta ulama. Ari ulama Salaf geus naidrok, ningali alam Malakut, cara para sahabat sareng cara Tabi'in; Ulama Salaf mah upama sangsi kana salah sahiji Hadits, sok ditaroskeun torojogan ka Rosululloh.

Ulama anu beh dieu oge bener asal akur jeung Ulama Salaf.

Kitab-kitab karang Imam Ghozaly, Imam Nawawi, Ibnu Hajar jste.

Imam Nawawi teu kagungan garwa dugi ka pupus, lantaran katungkulkeunku ngaos jeung ngarang kitab, dibarengan ngalakukeunana.

Imam Syafe'i dina yuswa genep (6) taun parantos apal Al-Qur'an, dina yuswa 20 taun parantos jadi Mufti, dina sasih Siam tamat Qur'an 60 balik, nu diaos dina waktu netepan.

Cik, kumaha ari urang ?

Jaman ayeuna mah pinuh ku barang riba, paling untung ayeuna mah barang syubhat.

4. Ku sabab kitu urang mah kudu mindeng tobat, sanggeus solat; sasalsena puasa, tobat.

Saur para Auliya :

" Kudu tobat, anu tobat manehanana ninggalkeun pagaweanana anu ditobatan; lamun dipigawe deui, buru-buru tobat deui, susuganan maot dina jero tobat ".

Jalma anu tobat dihampura ku Gusti Alloh.

Aya dawuhan Gusti Alloh anu pihartieunana kieu :

" Tarobat maneh ka Alloh, he jalma-jalma Mu'min, pasti maraneh jadi jalma - jalma baragja ".

Dawuhanana deui kieu :

" Hai jalma-jalma anu ariman, tarobat maraneh ka Alloh anu sabenerna ".

Lamun urang ibadah saperti maca istigfar, bari ngantep dosa henteu ditobatan, eta teh alus lahir wungkul, cara ngamparkeun permadani di kakus.

Anu getol ibadah bari teu tobat, engke di yaomal kiamah ditembongkeun kagorenganana.

19. L E N Y E P A N E U N

Naha bet senang-senang bae, kapan aya sangharepaneun nu samar-samar, salamet atawa cilaka ?

Mungguh jalma anu boga perkara, rek unggah bale watangan, naha bakal bebas atawa meunang hukuman? Komemun hukuman beurat mah, pan peutingna tara daek hees, urang oge samar-samar naha bakal asup ka surga atawa ka naraka ? Boa teu boga Iman ? Naudsubillahi min dzalik.

Pagawean ngan curak-curak, kana banda batur rerebut, ka indung bapa doraka; lamun di elingan ngambek, nu kitu naon ngarana ? Saur para Aulia jeung para Malaikat : "Nu kitu lampahna lain jalma eucreug".

Ayeuna urang aya dina jaman gaplah, jalma Mu'min loba nu mentingkeun dunya mana urusan akherat. Jalma Mu'min belet. teu ngarti naon anu bakal kasorang.

Kudu pohara ingetna pikeun sasadiaan ka hareup da teu nyaho, iraha maot bakal datangna; naha sabulan deui, sapoe deui atawa sa-jam deui. Di dunya mah sakeudeung; di dunya sanajan sakumaha mewahna moal aya gedong perak atawa emas, heunte cara di akherat.

Gusti Alloh maparin ganjaran di akherat ka jalma anu teu diganjar di alam fana anu teu laksana di dunya. Sing inget hirup aya tungtungna, sarta bakal nyanghareupan kubur, naha bakal lulus asup ka surga, atawa teu lulus sarta asup ka naraka.

Di manusa aya dua unsur, nyaeta roh ti alam Malakut jeung jasad ti alam syahadah (alam dunya), dimana papisah, roh balik deui ka alam Malakut, ari jasad bakal balik deui ka alam syahadah (kana taneuh).

Dawuhan Gusti Alloh, anu pihartoseunana: "Tina taneuh kami nyieun maraneh jeung kadinya kami malikeun deui maraneh, jeung didinya kami ngaluarkeun deui maraneh dina waktu nu sejen". Dina waktu rek maot, anu hade teh nyaeta anu tengtrem, ngucapkeun kalimah syahadat jeung hade sangka ka Pangeran. Anu ngucapkeun kalimah syahadat eta alamat hade.

.20. SAHA ARI MANUSA

Hate jalma diparebutkeun ku 2 (dua) pihak :

1. Setan ;
2. Malaikat.

Di jalma nyampak 2 (dua) barang, nyaeta :

1. Napsu;
2. Akal.

Ari napsu salilana nulungan setan, akal mah salilana nulungan malaikat.
Galib-galibna kahayang napsu anu dianteur ku setan sok ngelehkeun akal anu dianteur ku Malaikat. Napsu anu kitu teh nya eta napsu amarah. Sipat napsu amarah ngaruksak.

Napsu amarah leungitna ku latihan, utamana dipingping ku guru mursyid tur kamil. Halna salilana ulah poho ulah balangah, lantaran teu nyaho iraha ajal datangna.

Jalma kudu ngarti yen kadar teh ti Gusti Alloh, tapi kudu bari ngajalankeun ikhtiar.

Ngaikhtiaranana ku E L M U, kudu nyaho kana takklip, kana wajib jeung haram, kana Elmu Syara'. Sanggeus boga elmu, terus kudu diamalkeun. Elmu teu kalawan amal teu aya mangpaatna. Cara ubar teu diubarkeun taya gunana pisan.

Dina ngamalkeun(ngalaksanakeun) elmu teu cukup ku sakadar amal, tapi kudu jeung eusina, dibarengan ku bathin cara salat, ulah cus-cos hate ka mana-mana, tapi kudu hadir inget manteng ka Pangeran, inget yen urang nuju ngadeuheus ka Anjeuna. Tapi sanajan salat urang can kitu, ulah ngarasa tambuh laku, tuturkeun bae sing mindeng tobat.

Sing kuat iman (kapercayaan)urang. Ieu teh hese lamun anu kudu diimankeun teh barang gaib. Teu katenjo ku panon saperti : Malaikat, surga, naraka jste.
Lamun dina hate aya mang mang, Iman teh heunteu syah.

Lamun Iman kuat dunya teh katarik ku akherat.

Lamun beunghar loba banda, digunakeun kana amal kahadean eta teh hartina dunya katarik ka akherat, ganjaranana bakal kapanggih engke di akherat.

Lamun Iman geus kuat, dunya teh katarik ka akherat, sagala harta banda anu dinapakahkeun jadi ibadah. Sabalikna lamun Iman teu kuat, akherat katarik ka dunya saperti amal ibadah anu teu puguh niatna, atawa harta banda anu teu puguh nasarupkeunana, kapan jadi mubadir, malah kadang kala nyilakakeun, cara salat dibarengan ku ria, tibatan meunang pala kalah meunang palu.

Ciri Iman kuat, tara ninggalkeun syara', lain bae meunang ganjaran di akherat, tapi di alam dunya oge matak salamet, sabalikna lamun syara' ditinggalkeun, alam dunya bakal awut-awutan.

Dawuhan Gusti Alloh anu pihartieunana kieu :
" Ucapkeun ku maneh geus datang anu haq sarta musna anu bathil, saestuna anu bathil teh pasti ancur. ";
" Jeung kami nurunkeun tina Qur'an teh aya nu matak nyageurkeun jeung jadi rahmat keur sakabeh mu'min. Keur kapir anu darolim mah teu aya mendingna, taya deui lian ti rugi. " (S. Israa, ayat 81, 82).

Di manusa teh aya 2 (dua) unsur :

1. Kahewanan, mangrupa jasad ;
2. Kamalaikatan mangrupa roh.

Jasad asal tina taneuh, pangaruhna poek. Roh ti - Nur (cahaya) pandena jeung loyogna kana ma'rifat ka Alloh. Lamun Roh kapangaruhan ku jasad anu katenjo ngan hakaneun wungkul jeung resep gigindingan; dipalebah dieu mah malah leuwih ti hewan, da hewan mah teu resep gigindingan.

Lamun roh bisa mangaruhan jasad, sifat kamalaikatanana kuat., bisa ma'rifat ka Alloh, lahir kalakuan anu luar biasa, nyaeta di Rosul mah muji'zat, ari ti Wali mah karamat. Ku riadoh (latihan), upamana tatapa, ti kafir lahir kalakuan nu luar biasa, ngarana Istijrad, tapi kakuatanana henteu nepi kana kakuatan karamat, sumawona nepi ka muji'zat.

21. BERESNA DUNYA.

1. Beresna dunya jeung akherat teh ku Husnul Khuluk. Moal laksana kaberesan, lamun jalma-jalma goreng budi ruksak kalakuan. Perlu diihktiaran supaya jalma alus jeung budi parangina. Hasilna ku didikan Syara' tileuleutik, lamun geus kolot mah hese. Lamun dituturan ti bubudak sok jadi adat kabiasaan. Ku sabab kitu urang butuh ku sakola keur ngadidik barudak ku didikan Syara' ti leuleutik pikeun ngaleungitkeun ujub, ria, takabbur, hasud jst.

2. Kasenangan lain dina duit, lain dina pangkat, tapi dina tahkik Rukun Iman jeung Rukun Islam. Anu tahkik jeung bener Iman Islamna, tengterem nyanghareupan sagala bancang pakewuh, moal ngarasula nandangan balangsak, lamun urang percaya kana takdir, jeung tangtu tumarima, lamun boga kayakinan yen aya hikmatna.

Lamun urang gering moal hasud nenjo anu cageur, boa aya hikmatna, nyaeta salamet tina lalajo, salamet tina ma'siyat, jaba engke boga ganjaran di akherat. Nu ririwit upamana loba anu geuleuh, engke di Akherat meunang ganjaran, malah batur kabaritaeun ; kitu anu percaya ka Akherat.

3. Lamun bathin kukuh kana Tauhid, hikmatna moal mahabbah ka dunya.

فَلَا تَغُرَّنَّكُمُ الْحَيَاةُ الدُّنْيَا وَلَا يَغُرَّنَّكُمْ بِاللّٰهِ الْغَرُوْرُ

Dijalma aya 2 (dua) bibit :
1. Akal, bibit hade digunakeun ku Malaikat.
2. Napsu, bibit goreng digunakeun ku setan.

Napsu goreng nyaeta napsu amarah, anu dilahirkeun ku Gusti Alloh ka Kanjeng Nabi Yusuf A.S.

وَمَا أُبَرِّئُ نَفْسِي إِنَّ النَّفْسَ لَأَمَّارَةٌ بِالسُّوْءِ إِلَّا مَا رَحِمَ رَبِّيْ

Lamun dilatih jadi kawan, engke jadi napsu Mutma'inah (tengterem).

يَا أَيَّتُهَا النَّفْسُ الْمُطْمَئِنَّةُ ارْجِعِي إِلَى رَبِّكِ رَاضِيَةً مَرْضِيَّةً فَادْخُلِي فِي عِبَادِي وَادْخُلِي جَنَّتِي (الفجر: ٣٠)

Ngalatih napsu dilawan ku kahayangna. Hayang dahar sagala ngeunah, entong diturut; hayang nginum nu amis, entong diturut. Lamun urang salilana ngalawan hawa napsu engke setan henteu bisa ngagunakeun keur ngagoda.

4. Ulah Tulul-Amal (طُوْلُ الْاَمَلْ)

boga rasa lila keneh kana maot, kudu lawan, upamana lamun umur urang 60 taun, ari ayeuna geus 50 taun, meureun kari 10 taun deui, kusabab kitu kudu soson-soson ibadah jeung ulah ngalampahkeun nu teu puguh, bisi hanjakal lamun urang tinemu ajal.

Tulul-Amal teh tabe'at manusa tara leungit, lamun roh tacan nepi kana genggerong, rek lepas tina badan.

رَبِّ لَوْلَا اَخَّرْتَنِيْ اِلَى اَجَلٍ قَرِيْبٍ فَاَصَّدَّقَ وَاَكُنْ مِنَ الصَّالِحِيْنَ

" Gusti, ajal abdi tempoan, sakedap, abdi bade sidkah bade jadi jalma bageur ". Kitu sasambat jalma nu sakarat.

5.Samemeh kitu, ayeuna meungpeung hirup, keprik napsu diri urang, kana migawe kahadean. Dawuhan Gusti Nu Maha Suci:

(١) لَا يُؤَخِّرُ اللهُ نَفْسًا اِذَا جَاءَ اَجَلُهَا. (٢) كُلُّ نَفْسٍ ذَائِقَةُ الْمَوْتِ
وَاِنَّمَا تُوَفَّوْنَ اُجُوْرَكُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ. وَمَنْ زُحْزِحَ عَنِ النَّارِ وَاُدْخِلَ الْجَنَّةَ
فَقَدْ فَازَ. (٣) اِنَّكَ مَيِّتٌ وَاِنَّهُمْ مَيِّتُوْنَ

a. Gusti Alloh moal ngahirkeun diri lamun geus datang ajalna.
b. Tiap-tiap diri (awak-awakan) bakal ngarandapan maot.
   Maraneh bakal diganjar engke dina poe kiamat.
   Saha-saha anu disalametkeun tina seuneu naraka jeung diasupkeun ka surga eta jalma untung.
c. Maneh teh mayit jeung maranehanana oge mayit.

Lamun urang ayeuna ngadolim ka batur, ngupat jeung saterusna engke di akherat nu didolim nagih ka urang. Engke urang kudu mayar ku ganjaran kahadean urang, lamun kahadean urang geus beak, dosa manehanana dikaurangkeun.

6. Ibadah anu pang mindengna dipigawe ku urang nyaeta solat anu 5 waktu, eta pikeun ngalenyepan tauhid, ngalusan I'tikad, supaya ibadah urang beres.

22. ROHANIYAH MANUSA

Umur urang nu geus kaliwat rugi keur urang, sa najan di pake kahadean, moal bisa balik deui. Kukituna ayeuna urang kudu sungguh-sungguh ngagunakeun umur urang keur kahadean, bisi kaburu ditutup lawang sakabeh ka hadean.

Umur teh modal pang gedena, lantara sagala gerak kalakuan jeung pagawean kudu ku umur, da paeh--mah teu bisa digawe. Kade umur dipake modal kagerengan. Bisi hanjakal diakherat. Malah sabisa-bisa --sing menang kahadean anu sampurna.

Di manusa aya latifah robbaniyah (لطيفه ربانية)
Seperti jalma anu keur jaya, maju dudunya, boga kakawasaan, megah , tungtungna hayang disebut Pangeran, cara Firaon. Wal uadzubillah.

Tapi eta latifah robbaniyah tea, lamun dasarna hade mah terus temerus dipaliha, babakuna anu dipalihara roh muatika manusa anu mulya, engke bakal --ngandung rupa-rupa kahsiat, ngarti kana rupa-rupa--elmu, sanajan teu diajar.

Seperti Abdul Aziz Dabbahh, Qutul Aulia, geus kasaf, teu aya hijal, uninga kana sagala elmu, padahal teu iasa nulis-nulis acan. Ieu anu disebut--ELMU LADUNI TEA.

Urang kudu hayang untung roh urang kudu dikosok, ulah karahaan.
<u>Sifat - sifat roh</u> :

1. Roh teh boga rasa, sanajan teu ngasaan ; umpamana nenjo madu, , ngarasa anis, nenjo kasem, ngarasa hasem ;
2. Beresih, boh rasa atawa harti ;
3. Bisa ngabedakeun antara sagala perkara, antara hade jeung goreng, antara hak jeung batal dst. teu kalawan diajar.
   Boga Basiroh (paninggalan bathin).
4. Kakuatan roh ngarembet kana dzat atawa badan mere pangaruh, nepi ka biasa awas ka dihareup ditukang, , diluhur jeung dihandap.

5. Tara pohoan, sagala rupa nu katenjo sok apal, - inget saterusna, pangarti bro dipaparinkeun sakali (Elmu Laduni).

6. Boga kakuatan jalan atawa indit-inditan, bisa nobros nu teuas, upamana batu, leuwih keras manan cahaya, ku kituna dzat atawa barang lamun geus karembetan ku roh, boga kakuatan saperti kakuatan roh, geuning para wali mah bisa badami ti kajauhan, para wali mah awas ningali antara Masyrik jeung Maghrib.

7. Roh mah tara ngarasa lapar, dahga jeung sabangsana, cara Malaikat.

Kita sipat-sipat ka'aja'iban roh.

"Mrs"

23 : P E P E L I N G

1. Manusa teh pang mulya makhluk, sabab boga badan pikeun Ma'rifat ka ALLOH, didunyana ngamulyakeun diakherat pi bokelenn. Bahan Ma'rifat ka Alloh teh ku hatena , anggohatana anu matak nyaho kana dzat Alloh hatena, anggohatana mahminangka khadamna, anu digawekeun ku hate, seperti Raja nga gawekeun rayatna, atawa nu boga pabrik ngajalankeun pakakasna.

Nu kituna hate teh kudu dibersihkeun, ulah ngan nga bersihan badan bae. Ngaleungitkeun kokotor hate nyaeta nga leungitkeun sifat-sifat Ujud, Kibir, Ria, Sum'ah, pupujieun j.s.t.

2. لَنْ تَجْتَمِعَ اُمَّتِي عَلَى ضَلَالَةٍ. وَاِنْ رَاَيْتُمْ اِخْتِلَافًا فَعَلَيْكُمْ بِالسَّوَادِ الْاَعْظَمِ

" Moal kumpul umat kaula dina kasasaran. Lamun maraneh nenjo pacengkadan, maraneh kudu milih anu pang lobana (Assawul Adzom), nyaeta Ahli Sunnah Wal - Jamaah " kitu unggeling Hadist.
Ngaji kitab oge kudu dipilih karangan saha ? Bisi lain ti Ulama Ahlussunnah Wal Jamaah, bisi ka campran ujub.

3. Lamun jalma geus loba dosana, sok loba kasusahna, supaya jadi kiparat kana dosana, tapi kudu sabar dina nandangan ka susah, Lamun teu sabar mah beki nambahan dosa. Kudu diajar sabar ti ayuena keur nyanghareupan maot, keur nyanghareupan lamun jalma teu sabar dina nandangan sakaratul maot bisa jadi bisa tumiba kana kufur, can sampurna iman jalma lamun can nandangan kana bahla, diitung hikmatna jeung nandangan kana lubak libuk rizki ujian (Musibbah).

Lubak libuk rizqi teh matak ngancurkeun hawa napsu, bisi napsu noyod, kadalon dalon. Ti antara akhli Hikmah dimana papanggih jeung lubak libuk rizqi diganjangkeun sabalikna ngarasa ni'mat lamun papanggih jeung bahla anu tumiba.

Sagala rupa dosa aya tobatna, kajaba jalma anu goreng parangi (akhlak), nu kieu mah sok ragrag ka nu leuwih goreng.

Nu goreng ahlak mah euweuh kasenangan, contona: Hiji jalma keur dahar, aya nu ngaliwat hareupeunana, ceuk panyangka hatena,"nu ngaliwat teh pikaijideun, teu boga tatakrama, ngaliwat hareupeun nu dahar ngabadaus bae". Nu kitu matak teu cageur kana dirina.

5. Umat Kangjeng Nabi Muhammad S.a.w. pang alus-alusna umat. Pangheulana nya eta para sahabat, tuluy para tai'in, Ari anu pang gorengna engke di akhir. Tandana,Umat Islam teu daek ngahiji, loba papaseaan.

6. Bakal aya jaman, didinya jalma-jalma ngaharakan riba, anu heunteu oge ari peledugna mah kabagean. Du'a-na teu diijabah, da kahakananana kotor.

7. Anu beunghar teh lain loba harta bandana, tapi anu beunghar hatena.

Banda te sok matak cape nguruskeunana.

Sakitu bae heulaanan.

24. H U S N U L - K H U L U K

(alus budi parangi)

1. Aya hiji Alim keur angkat, ujug-ujug aya hiji jalma lalaki nuturkeun pengkeureunnana, bari teu eureun-eureun nyarekan. Barang geus deukeut kahiji lembur, saur eta Alim : "Pek beakeun nyarekan teh memeh asup ka lembur, ari geus dilembur mah bisi aya nu ngarogahala".

Anu geus luhur budina mah teu ambek ku panyarek batur , da geus ngarasa yen dirina loba kakurangannana. Urang teh manusa lemah , pinuh kusagala ka aeban, ngan kulit katembong bersih teh, apan sajeureeun nana mah getih, dijerpebeteng aya naon ? Apan kabehannana barang najis. Lamun inget kana kaayaan diri manusa teh lemah. Lamun hasil anu dimaksud eta mah kabeneran, samata-mata kersa ALLOH.

Lamun manusa awas kana dirina, manehannana teu ngarasa lemah, moal aya unek-unek, hasud gumede, dst. Ieu kabeh panyakit bathin, anu balukarna matak malindes kana dirina. Kudu diakalan sina lengit, diakalannana teh nayaeta ku pagawean urang, kudu direumbeuy ku TOBAT, bisi kaburu ajal, sangkan ulah kaduhung.

Barang anu aya di manusa kabeh ge hina, najis, jaba ti kulit, badan mun teu dibungkus, buuk mun teu di cukur, kuku mun teu di potong, matak gila alah batan binatang, komo mun otakna robah, matak di panglumpatkeun batur, maot moal aya nu ngareujeungan, dan sieuneun ngajurigan. Eta teh memeh barobah (bau), komo bangke nu geus bau (barobah) mah. Naha atuh manusa teh bet boga hate kibir, ujub teu resep ka batur dst.

Iraha rek ganti Tabe'at, ganti jadi <u>HUSNUL-KHULUK</u> anu bageur mah ku sarerea di Du'akeun , sabalikna anu goreng parangi pada embung kapiluan. Ulah mokaha kana dosa boga pikiran kumaha engke. Lamun teu kuat ku seuneu dunya, komo engke ku seuneu naraka, anu panasna manglipet-lipet ganda.

4. Sagala dosa aya tobatna, kajaba jalma anu goreng parangi mah sok ragrag ka nu leuwih goreng. Nu goreng parangi mah euweuh kasenangan, contona : Hiji jalma keur dahar aya nu ngaliwat kahareupeunana, ceuk sangkana dina hatena : " Nu ngaliwat teh pikaijideun, teu boga tatakrama, ngaliwat hareupeun nu dahar ngabadaus bae".

Nu kitu matak jadi panyakit, matak nyiksa kana dirina. Da lamun boga parangi mah meureun basana dina hatena : " Eta jalma nu ngaliwat meureun teu nyahoeun aya nu dahar ". Nu kitu matak cageur salilana.

5. Ummat Kangjeng Nabi Muhammad teh pang alusna ummat. Pang heulana nyaeta para sahabat, tuluy para Tabi'in, ditema ku para Tabi'it - Tabi'in jeung saterusna.
Ari nu gorengna engke diakhir. Engke mah di akhir ummat Islam teu daek ngahiji, loba papaseaan.

6. Bakal aya zaman, didinya jalma-jalma kabeh ngaharakanan ribu, anu henteu oge, ari peledugna mah kabagean. Du'ana henteu di ijabah, da kadaharanana kotor.

7. Anu beunghar teh lain anu boga harta banda, tapi anu beunghar hatena. Anu beunghar boga harta mah sok cape ngurusna.

Sakitu bae heulaanan.

" Mrs "

25. MALAR RIDLO ALLOH
kasalametan dunya akherat

Pikeun jalan kasalametan, teu cukup ku ibadah lahir tapi oge kudu jeung ibadah bathin, teugeusna batin kudu di bereusihan tina rupa-rupa panyakit, seperti : Ujub, ria, takabur, sum 'ah dsb. na. Dosa bathin kudu dibersihkeun , lantaran sok narik kana dosa lahir. Ngaberesihan anggohata ku cai ari ngabeursihkeun bathin mah ku riyadloh, tegesna latihan.

Lamun bathin teu diberesihan, parangi teh jadi goreng, ngaberesihannana kudu ku Tauhid, dibarengan ku Riyadloh, atawa latihan anu disebut TASAUF. Ari FIQH nyaeta Elmu atawa aturan kumaula ka Pangeran nu ngayuga sakabeh alam.

Anu dimaksud , supaya manusa balik deui kana kamurniannana, kana kacekasannana, sakumaha baheula geus didamel ku Anjeun-Na.

Roh didamel tina Nur' (Cahaya) anu bakatna condong kana Haq, Barang Roh manjing kana badan, badan teh mawa pangaruh ngahijab (ngahalangan) kana kamurnian (Kacekasan) Roh. Kajabi badan para Nabi, eta mah lir ibarat kaca rumeuk , ka turug-turug dipupuk ku rupa-rupa dosa. Tapi mun nungtut diberesihan, engke bakal jadi beresih, sarta - Roh balik deui kana kamurniannana nu mimiti, nepi kana ELMU YAKIN, terus kana AINUL YAKIN akhirna kana HAKKUL YAKIN

Lamun jalma can nepi kana AINUL YAKIN , tapi ngaku-ngaku Kasyaf, eta bohong samata-mata pangakuan wungkul.

Pangarti ayeuna mah ngan sakadar tina buku, kacida deetna, malah sok tara ngancik, sok poho deui. Ngarti atawa boga pangarti can puguh salamet. Pan setan oge boga pangarti, tegeusna lewih utama manan bodo. Tapi nu boga Pangarti jeung pinter deui. Nyatana loba ULAMA nu boga Pangarti kabawa, kagoda ku syetan.

Kukituna nu boga Pangarti (ELMU) teh kudu dibarengan ku AMAL. Sabalikna AMAL teu kalawan Pangarti eta ngaco. Kudu ngalobakeun Tobat.!.

2. Ulah kaliru, palajaran Ulama teh neruskeun wahyu Resul, sing deukeut ka aranjeuna, kade kaelehkeun ku palajaran palisapah. Barudak dialajar agama sing cukup, geus kuat kakara boro pangajaran ti luar.

Faham ULAMA SALAP geus dibeneurkeun ku para Ulama sa-Dunya.

Kapercayaan teh aya 3 (tilu) tingkatan :
1. ILMUL YAKIN, cara urang nyaho maot.
2. AINUL-YAKIN, cara nu sakarat.
3. HAQQUL-YAKIN, cara nu maot.

Ari kapercayaan Ulama geus nepi kana HAQQUL YAKIN. Tong rempan lantaran urang di ajar di Pasantern, tong era disebut kaom kolot, eta teh gogoda. Anggur sing jujur, sing soson-soson ! Insya Alloh bakal jadi bagja.

3. Urusan politik dina Islam moal kawon, lamun geus ngarti, kana QUR'AN. Sakur kaayaan kadunyaan, aturan hirup kumbuh, kanagaraan, aya dina Qur'an. QUR'AN ulah ngan ukur dibaca. Lamun urang beberes dina urusan naon bae, kudu musyawarah, lamun geus musyawarah pek bapigawe !.

4. Ulah sok silih peyok, Ayeuna Madzhab anu opat lain geusan cek-cok, tapi kudu tasammuh (lapang-dada) Para Mujtahid dina Ijtihadna, ku Gusti Alloh dipaparin ganjaran lamun meneran. teu merenan meunang hiji ganjaran, lantaran cape neangan bebeneran.

5. Bedana anatara pangajaran Wahyu jeung pangajaran Palasipah. Pangajaran Palasipah mah ngan sakadar pangarti pamanggih pikiran manusa. Ari pangajaran Wahyu mah pangarti jeung pamanggih anu didasaran ku Wahyu ti Ulama, , solihin, aulia ti para Nabi jeung Rosul, anu parantos aruninga ka alam Malakut. Ngaheuyeuk dayeuh ngolah nagara (Urusan politik) teu kaluar ti qanun asasi Islam, bakal ditampa ku Ummat Islam (ra'yat), d matak ngadatangkeun kasalametan sarta karidloan Alloh, Dunya-Akherat, lamun kaluar ti dinya gagal, matak binasa sa alam dunya. Wallohu a'lam bissowab.

26. NI'MAT ALLOH

1. Kudu inget kanyakit <u>lahir</u> jeung <u>batin</u>.
Ngubaran panyakit batin kudu sarua diperhatikeunana jeung panyakit lahir. Panyakit lahir loba saperti : Ujub Ria, Takabbur, Sum'ah dst. Ihktiaran ngaleungitkeunana lantaran matak ngaleungitkeun Iman, saperti : Aral, teu sabar kana kodo jeung kodar.

Ngubaran panyakit lahir sok sungguh-sungguh, ngaluarkeun ongkos Dokter jeung meuli ubar mang rebu-rebu, teu nya'ah. Naha ari panyakit bathin diantep ? Naon sababna ? Kurang Iman ?. Kurang Iman, lantaran leuwih betah cicing di dunya manan di Akherat. Ulah kaliru ! Kudu buru-buru ikhtiaran, bisi kaburu maot.

2. Jaman ayeuna loba Iman palsu. Loba jalma anu ucap-ucapanana ngaku percaya ka Pangeran, tapi kalakuanana cara nu teu percaya ka Pangeran.

Padahal manusa teh dikhadaman ku Malaikat paparin Gusti Alloh. Malah tibarang aya dina beuteung indung di palihara ku Gusti Allah, sok ngadahar getih bolon, geuning eta cenah bayi teh dijero beuteung indungna.

Dina waktu reuneuh henteu bolon. Naha saha anu mamatahan jeung anu mere watek ngadahar eta getih ?

Oge manusa teh salilana ngambekan terus-terus miceun hawa panas tina badan jeung nyesep hawa tiis ti luar. Beunang saha ngayakeun hawa ?

Eta cenah datangna hawa tina angin anu dilantarankeun ku cahaya panon poe.

Naha saha anu ngadamel panon poe jeung cahaya ? Eta kabeh karunia ti Pangeran. Pangeran maparin karunia ka sakabeh makhluk, lebah dieu henteu aya bedana antara kafir Mu'min.

Dawuhanana : وَإِنْ تَعُدُّوا نِعْمَةَ اللّٰهِ لَا تُحْصُوهَا

Lamun maraneh milang ni'mat Alloh moal kabilang.

Tapi urang ulah putus asa tina ngaharep pangasih anjeunNa.

Dawuhanana deui: إِنَّ الْإِنْسَانَ لَظَلُومٌ كَفَّارٌ

" Saestuna jalma teh dzolim jeung banget kufurna ".
Tapi urang ulah putus asa tina ngaharep pangasih anjeuna.

Geuning dawuhanana: إِنَّ اللَّهَ لَغَفُورٌ رَحِيمٌ

" Saestuna Alloh teh banget panghapurana jeung kacida welas asihna ".

Jaman ayeuna loba iman palsu. Loba nu ngaku jalma Islam, tapi kalakuan pasalia. Loba nu gawok dudunya asal hasil dunya barana, bari teu dipikiran kumaha jalanna jeung timana datangna. Rata-rata nu beunghar loba dosana manan nu pakir.

Dawuhan Kangjeng Nabi S.A.W.:
" Kaula nenjo ka surga lolobana ahli surga teh nu mariskin, anu loba bandana mah asupna ka surga dihisa heula. Kaula nenjo naraka, lolobana ahli naraka teh awewe".

Ieu kudu jadi pepeling ka awewe. Ka awewe teh loba pisan gogodana.

3. Iman teh diuji. Dawuhan Gusti Alloh:

قُلْ إِنْ كَانَ آبَاؤُكُمْ وَأَبْنَاؤُكُمْ وَإِخْوَانُكُمْ وَعَشِيرَتُكُمْ وَأَمْوَالٌ اقْتَرَفْتُمُوهَا
وَتِجَارَةٌ تَخْشَوْنَ كَسَادَهَا وَمَسَاكِنُ تَرْضَوْنَهَا أَحَبَّ إِلَيْكُمْ مِنَ اللَّهِ
وَرَسُولِهِ وَجِهَادٍ فِي سَبِيلِهِ فَتَرَبَّصُوا حَتَّى يَأْتِيَ اللَّهُ بِأَمْرِهِ

" Ucapkeun ku maneh Muhammad, lamun bapa-bapa maraneh jeung anak-anak jeung dulur-dulur jeung pamajikan - pamajikan maraneh jeung baraya maraneh jeung banda maraneh anu beunang ngala maraneh jeung dagangan an maraneh sieun ruksak jeung imah-imah maraneh anu di pikarido ku maraneh (ieu kabeh)

leuwih dipikacinta ku maraneh manan Alloh jeung Resul-Na jeung Jihad karana Anjeuna, daragoan bae kumaneh nepi ka Alloh nibankeun parentahannana.

Lamu jalma asih ka bapa-bapana, anak-anakna jst. leuwih manan ka Gusti Alloh, Roslna jeung jihad karana Anjeuna teh imanna teu sampurna (kurang), can reugeujeug.

Lamun urang keur salat masih keneh sok cus-cos kaditu reujeung kadieu, hartina iman urang masih keneh loncer.

Pejuang atawa Mujahid, ari masih beunang dibibitaan ku dunya mah teu beunang disebut Pejuang atawa Mujahid sejati.

Babandingan dina jaman Rosululloh S.A.W.: Perang Badar jeung perang Hunain. Mujahidin dina perang Hunain leuwih tikel tikel lobana manan perang Badar. Tapi naha bet kadeseh musuh dina perang Hunain mah ?

" Mrs "

---

27 . TINA PERKARA MAOT

ELMU kudu diberengan ku taufiq (bisa ngamalkeunnana). Anu dipamrih sugan aya Syafa'at ti papada Muslimin. Syafa'at sanajan ti Muslimin oga, komo ari ti Wali mah.

Dawuhan Rosululloh S.A.W.:

"Engke di mana jalma geus maot, kapanggih amalna sihoreng ngan saeutik, da loba amal gaplah".

Ahli nu geus maot pusingeun nenjo barayana nu masih hirup migawe pagawean jahat. Kukituna urang kudu bageur, ulah ngalampahkeun kajahatan, sangkan ngenah katenjona ku ahli nu geus maot.

Ni'mat kubur hasil ku para solihin komo ku para Nabi. Aranjeunan sok munggah haji, geuning Kangjeng Nabi Musa kapendak nuju ngatepan dina kuburannana waktu Kangjeng Nabi Muhammad Isro.

Ahli kahadean anu uninga kana kani'matan surga, ayeuna ngarasa bangreung, sarta ngadago-dago datang mangsana maot.

Lamun urang ngabahas maot. Ku maot teh ngarasa nyeri , nyeri pedah sagala rupa nu dipikanyaah ku urang ditinggalkeun , oge nyeuri kudipisahkeunnana Nyawa tina badan. Lamun urang raheut sok ngarasa nyeri, sok komo lamun dipaksa di pisahkeun nyawa tina badan. Pangna raheut nyeri lantaran aya nyawa, nyawa ngarasa nyeri, sabab taya nyawaan.

Nu sakarat ngarasa kacida nyerina , lamu kawasa adug-adugan, jejeritan, tapi kulantaran lemah, geus teu bisa walakaya.Lamun hayang enteng tina kanyerian sakarat ti ayeuna anu dipikanyaah, anu matak nyeri sakarat, tungtut piceunan, hajat-hajatkeun ; moal katenjo lamun engke lamun geus maot , diparebutkeun jeung dibagi-bagikeun ka batur.

Kudu inget kana maot, sangkan urang bageur, sing cara jalma nampa hukuman rek digantung , da urang oge teu beda ti kitu.

28.KETERANGAN HUSNUL-KHULUK (ALUS BUDI-PARANGI)

Alus budi-parangi teh alamat kasalametan jalma, aya rasa boga alus budi-parangi, padahal acan; bisa hasil alus budi-parangi (akhlak) ku mujahadah, ngalawan parangi anu goreng.

Husnul khuluk, alus budi-parangi, eta teh iman tea sabalikna su'ul khuluk, goreng budi-parangi eta teh sipat munapek. Mu'min ngabogaan sipat-sipat anu harade, sabalikna jalma munapek ngabogaan sipat-sipat nu ga - roreng, eta teh aya dina Qur'an sareng Hadits.

Ti antara sipat-sipat anu harade, kaunggel dina Hadist: لَا يُؤْمِنُ اَحَدُكُمْ حَتَّى يُحِبَّ لِاَخِيْهِ مَا يُحِبُّ لِنَفْسِهِ

" Can sampurna iman lamun tacan asih jeung cinta ka dulurna saperti cinta ka dirina sorangan.

مَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيُكْرِمْ ضَيْفَهُ

وَمَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيُكْرِمْ جَارَهُ

وَمَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيَقُلْ خَيْرًا اَوْ لِيَصْمُتْ .

Singsaha iman ka Alloh jeung kana poe kiamat(pOe akhir) kudu ngahormat semahna; singsaha iman ka Alloh jeung kana poe ahkir, kudu ngahormat tatangganya; jeung singsaha iman ka Alloh jeung kana poe akhir, kudu nyarita bener atawa cicing!."(Hadits sahih).

"Pang alusna ti antara Mu'minin nya eta anu pang alusna ahlak (alus budi-parangi). Hadits sasih).

Kacarioskeun Rasulullah s.a.w. nuju angkat,sasarengan sareng jalmi seueur, bet aya nu ngadeg,hiji badduwi, meulitkeun kaway kana tenggekna, ujug-ujug dibedol eta kaway teh ka baduwi tea, ngabedolna teh tarik, nepi ka aya tapakna dina tenggekna bari nyarita kieu:: Muhammad, kuring menta kagungan Alloh". Anjeunna nga - reret bari mesem,teras miwarang sahabatna maparin ka eta baduwi.

Dawuhan Resul:

"Gusti ! Mugi Gusti maparin ampun ka kaom abdi, margi maranehannana teh teu tareurangeun".

Kaunggel dina sajarah, yen dina perang Uhud, Rosululloh nepi ka raheut pameunteuna; Anjeuna henteu bendu ka musuh kaom kafir, malah mangdu'akeun,

Dawuhannana : اَللّٰهُمَّ اهْدِ قَوْمِي فَاِنَّهُمْ لَا يَعْلَمُوْنَ

"Ya, Alloh mugi gusti maparin pitunjuk ka kaom abdi, margi maranehannana, teh teu tareurangeun".

Di dieu ku Gsti Alloh dikhitob (dicarioskeun) :

وَاِنَّكَ لَعَلٰى خُلُقٍ عَظِيْمٍ

" Bener, maneh teh aya dina akhlak anu luhung ".

Conto Husnul-Khuluk di para Solihin:

Hiji mangsa Ibrahim ,bin Adham teupang nu tumpak kuda (jundi), manehannana nanya :

- Anjeun teh Abid ?".
* "Enyaa" lahirannana.
- "Kama jalan anu rame ?
* "Ka dinya". Nuduhkeun ka kuburan.

Eta jundi ngambek, asa diheureuykeun, tuluy neunggeulkeun mastakana, nepika getihan, bari nanya deui :

"Kamana ari jalan ka kota anu rame ?".

Tuluy ku anjeuna eta kuda ditungtun. Barang nepika kota, loba jalma anu nyampeurkeun ka anjeuna sarta nares, naon marginamaka nuntun kuda, sarta naon sababna eta jundi wani tumpak kuda. Jundi teh kareungeuheun, sarta tuluy turun. Ka Jundi aya nu mere katerangan yen eta teh Ibrahim bin Adham. Tuluy eta jundi teh nyium panangan jeung dampal anjeuna, bari nyuhunkeun dihampunteun.

Dianatara maranehannana aya nu naros, ku naon -- pangna aya getih dina raraynа, walon anjeuna: "Asalna -- manehannana nanya ka kaula:"Anjeun Abid ?" Ku kaula dijawab: "ENYA" Hartina kaula abid Alloh. Bogan manehannana lainnanya "Abid saha?". Barang manehannana nanyakeun : "Tempat anu rame". Ari tempat anu rame teh Surga.

Eusi BUKU LENYEPANEUN : Kaca:

———oo0oo———